ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№5 (24.755) • 2025 гъэм щIышылэм (январым) и 17, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Хэкум и хъумакIуэм и илъэсыр Президентым къызэIуех

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иригъэкIуэкIащ «ТекIуэныгъэ» урысей къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэ. АбыкIэ къызэIуахащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъум и гъэр.

«УРЫСЕЙМ и тхыдэм абы щиубыд увыпIэр, ди лъэпкъ псом я дежкIи и лъапIэныгъэр къыпхуэмылъытэнщ, - жиIащ Владимир Путин зэIущIэр къыщызэIуихым. - Хэку зауэшхуэм и къэхъугъэхэм я фэеплъыр фагъуэ зэрымыхъум и щыхьэту, ТекIуэныгъэ Иным и щIыхькIэ, лъэхъэнэхэр бгъдэу зэрызэпыщIам и нэщэнэу 2025 гъэр Урысейм щыдгъэуващ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу.

Хэкур хъумэныр, абы къулыкъу хуэщIэныр сыт хуэдэ зэманми ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ. Хэкум худиIэ лъагъуныгъэм, абыкIэ тхьы жэуаплыныгъэм жылагъуэр зэкъуегъэувэ. Урысейм и цIыхухэм я лэжьыгъэкIэ, щIэныгъэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, экономикэм, промышленностым щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэмкIэ, зауэм щызэрахьэ лIыхъужьыгъэмкIэ ди къэралым и зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэ хуащI, къэкIуэнум хэкум иIэну зыужьыныгъэр къызэрагъэпэщ».

Президентым гулъытэ нэхъ хуищIу къыхигъэщащ зауэм и ветеранхэм дэIэпыкъуным теухуа къэрал программэр щагъэзащIэкIэ фэрыщIагъ хэмыту, напэм къызэрезэгъым хуэдэу а Iуэхум зэрыбгъэдыхьапхъэр.

УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм псоми щыпсэу «щIыналъэм, къалэм, районым щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр яфIэщыным, зауапIэм Iутахэм, абы хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм, нэмыцэIуэхэм иса ныбжьыщIэхэм (сом мин 80), тылым и лэжьакIуэхэм, блокадэм ита Ленинград щыпсэуахэм, нэмыцэIуэм иса балигъхэм, зыхъумэжыныгъэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрытахэм (сом мин 55) зэ тыгъуэу ахъшэ етыным теухуауэ къыхилъхьахэр даIыгъащ. Апхуэдэу зауэ фэеплъхэр, совет сэлэтхэм я къуэшыкхъэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщу зыхуей хуэгъэзэжыныр пщэрылъ нэхъыщхьэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Лэжьыгъэ щIыхьым и къалэ» цIэр иджыри Урысейм и къалэ 27-м зэрыфIащынум. Къэралым и апхуэдэ къалэхэр 63-рэ мэхъу.

Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Белоусов Андрей и гугъу ищIащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъур, Хэкум и хъумакIуэм и илъэсыр гъэлъэпIэным теухуауэ ирагъэкIуэкIыну махуэшхуэ зэхыхьэ нэхъыщхьэхэм.

Накъыгъэм и 9-м дзэ парадхэр щекIуэкIынущ Москва, апхуэдэу къалэ-лIыхъужьу 8-м, дзэ округхэм, флотхэм я штабхэр, Каспийскэ флотилиер здэщыIэ щIыпIэхэм. Абыхэм къыхашэнущ дзэм Iуэху хэхам хэтхэр.

Москва и Ут плъыжьым щекIуэкIыну парадым зэныбжьэгъугъэ зыхудиIэ къэрал 19-м я дзэхэр хэтыну кърагъэблэгъащ. Апхуэдэу дзэ зэщIэузэдахэр зыхэтыну махуэшхуэ зэхыхьэхэр щекIуэкIынущ жылагъуэ 370-м. Апхуэдэу Урысейм и дзэ гуп щхьэхуэхэр хэтынущ Сыхъум, Цхинвал, Душанбе, Бишкек ТекIуэныгъэм и махуэр теухуауэ къыщызэрагъэпэщыну зэхыхьэхэм.

Мы зэманым ирихьэлIэу Урысейм щопсэу зауэм хэтауэ цIыху мини 7-м нэблагъэ. Белоусов Андрей жиIащ абыхэм ящыщ зыи гулъытэншэу къызэрамыгъэнэнур.

КъищынэмыщIауэ, илъэсым икIуэцIкIэ зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщынущ. Ахэр теухуауэ щытынущ Ленинград фашист блокадэм къызэрыIэщIагъэкIыжам, Сталинград деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм нэмыцэ-фашистыдзэр зэрыщызэтракъутам, къухьэпIэ-пруссие стратегие операцэр илъэс 80 зэрырикъум, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэу мэкъуауэгъуэ мазэм «Фэеплъым и шэху» урысейпсо акцэр екIуэкIынущ, Сэлэт МыцIыхум и Кхъащхьэм щыблэ МафIэ мыужьыхым щыщ Iыхьэхэр къалэ-лIыхъужьхэм лъэгъэIэсыным теухуауэ.

Ди тхыдэр нэпцIу къыщIезыгъэдзынухэм япэщIэту Урысейми хамэ къэралхэми щрагъэкIуэкIынущ дунейпсо дзэ-тхыдэ конференцэхэр, щIэныгъэ зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Цивилёвэ Аннэ тепсэлъыхьащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым дзэ Iуэху хэхам хэтхэр гъащIэм хэзэгъэжынымкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэм. «Ветеранхэм я процент 60-р, уIэгъэ хъууэ ныкъуэдыкъуагъэ абы хэзыхахэри хэту, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и нэIэм щIэт IэнатIэхэм щолажьэ. Куэдым IT унэтIыныгъэм епха IэщIагъэхэм зыхуагъэсащ, къищынэмыщIауэ, абыхэм яхэтщ мэкъумэш Iуэхум, психологием, юриспруденцэм, медицинэм хуеджэжахэр. ЩIэныгъэ зрагъэгъуэтыну хуейуэ цIыху мини 6-м нэблагъэм я лъэIу тхылъхэр къытIэрыхьащ. ЛIыхъужь мин 65-рэ лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщахэщ», - жиIащ абы.

ЗэIущIэм къыщыхалъхьащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум хуэгъэпса махуэшхуэ зэхыхьэхэр гъэхьэзырыным иращIэкI дауэдапщэхэм жыджэру къыхашэну, апхуэдэу лъэпкъ лъапIэныгъэхэр хъумэныр и лъабжьэу илъэс къэс зэхашэ «Семейная зарница» зэхыхьэри а Iуэхум хуэгъэпсауэ къызэрагъэпэщыну.

Путин Владимир къыхалъхьа жэрдэмхэр ядиIыгъащ. Апхуэдэу, а махуэм Урысей Федерацэм и Президентым «Лэжьыгъэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр къалиблым - Курган, Верхняя Пышма, Ишимбай, Миасс, Зеленодольск, Ленинск-Кузнецкэ, Салехард - зэрыфIащам теухуа унафэм Iэ щIидзащ.

ЩIалэгъуалэм хуамурадхэр

ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ къэрал агентствэм и унафэщI Гуров Григорийрэ Урысейпсо къэрал-цIыхубэ зэгухьэныгъэу «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и пашэ Орлов Артуррэ яхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Мэзкуу щыщыIам.

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ ди республикэм щIалэгъуалэм епха политикэ Iуэхухэр зэрыщызэфIахым. Гулъытэ нэхъыбэ хуащIащ IэщIагъэ къыхахыным хуэунэтIа, «ЛIыхъужь щIэблэ» зыфIаща проектыщIэм и лэжьэкIэм. Ар зи гугъу тщIа зэгухьэныгъэитIым щIыналъэ 22-м щаутIыпщакIэщ. Дыгъэгъазэм КъБР-м гъуэгу щытрагъэхьа «ЛIыхъужь щIэблэм» щахуэзам щыгъуэ, КIуэкIуэ Казбек къыхилъхьауэ щытащ Хэку зауэшхуэр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу щIыналъэ зыбжанэ къызэщIэзыубыдэ дауэдапщэ ирагъэкIуэкIыну. Республикэм абы зыхуегъэхьэзыр.

Зэхуэзахэр иджыри тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спорт-дзэ унэтIыныгъэм ухуэзыгъэхьэзыр, ныбжьыщIэхэр хэкупсэу къэгъэтэджынымкIэ «ЗауэлI» центррэ Шэджэм районым хиубыдэу «Вагъуэм къыхэкIа» щIыналъэ-хэкупсэ лагеррэ къызэIупх зэрыхъунум. Ахэр сабийхэм ягу ирихьын хуэдэу, зыубгъупIэ зиIэ щIыпIэхэщ. «ЩIалэгъуалэм папщIэ щIыналъэ» программэм ипкъ иткIэ дяпэкIи районхэм я къалащхьэхэм щIалэгъуалэ центрхэр къыщызэIуахынущ.

Илъэс блэкIам щегъэжьауэ, апхуэдэ центрхэр къыщызэIуахащ Налшык, Нарткъалэ, Къэщкъэтау, мы гъэм абыхэм къахохъуэ Шэджэм, Анзорей, Май, Тырныауз къалэхэм щылэжьэнухэр. Налшык дэт ЩIалэгъуалэм и унэшхуэми артхэщIапIэ къыщызэIуахыну загъэхьэзыр. КъинэмыщIауэ, ХьэтIохъущыкъуей жылагъуэм щагъэлэжьэну я мурадщ «Iуащхьэмахуэ» лагерыр, ар республикэм и «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и хэщIапIэ нэхъыщхьэу щытынущ.

КIуэкIуэ Казбек Гуров Григорийрэ Орлов Артуррэ фIыщIэ яхуищIащ республикэм сыт и лъэныкъуэкIи зыкъызэрыщIагъакъуэм папщIэ икIи КъБР-м Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым и цIэкIэ щызэхашэну дауэдапщэхэм хэтыну кърагъэблэгъащ.

ЗэIущIэм хэтащ Урысейм и ныбжьыщIэхэр граждан-хэкупсэ гурыщIэ яIэу къэгъэтэджынымкIэ центрым и унафэщI Беликовэ Еленэ, УФ-м и Президентым деж КъБР-м и лIыкIуэу щыIэ зэпыт Быкъыш Ратмир, Урысейм и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм щIыналъэхэр зэдэлэжьэнымкIэ и управленэм и унафэщI Богомаз Екатеринэ, КъБР-м щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, «ЗауэлI» центрым и унафэщI Шевченкэ Дмитрий, ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ институтым и унафэщI Бажитов Николай, «Детек груп» IуэхущIапIэм и унафэщIитIым яз Симоненкэ Светланэ сымэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Гъатхэ лэжьэгъуэм депутатхэр пэрохьэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и гъатхэ лэжьэгъуэр къыщызэIуихым, 2025 гъэр Урысейм Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу зэрыщагъэувамрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъунумрэ къыхигъэщащ икIи депутатхэм ехъуэхъуащ лэжьыгъэ купщIафIэ къайхъулIэну.

ЗЭIУЩIЭМ унафэ зэрыщащIамкIэ, КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр щIышылэм и 30-м екIуэкIынущ. Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ жиIащ щIыналъэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и япэ зэIущIэм республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ жылагъуэ-политикэ Iуэхухэмрэ ятеухуауэ я Iуэху еплъыкIэхэр къагъэлъэгъуэну къызэрырагъэблагъэр КъБР-м и Парламентым къыщымыгъэлъэгъуа политикэ партхэр. Мы гъэм ахэр зытепсэлъыхьынур Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр хъумэнымрэ абы зрагъэужьынымрэ епха Iуэхухэрщ.

ЗэIущIэм депутатхэр щыхэплъащ «КъБР-м ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэинхэм (тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъхэм) ятеухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 3-1-мрэ 13-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» республикэ законым.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий зэрыжиIамкIэ, законопроектыр ягъэхьэзыращ федеральнэ хабзэм къыщыгъэлъэгъуам тету. Абы теухуа я Iуэху еплъыкIэхэр ягъэхьэзырын папщIэ, дэфтэрыр зратыпхъэхэм IэщIагъэхьащ.

КъищынэмыщIауэ, депутатхэр тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэм я жэрдэмхэми. Ахэр теухуащ балигъ ныбжьым нэмысахэм я адэ-анэхэмрэ апхуэдэхэр зи нэIэм щIэтхэмрэ я къалэнхэр зэрамыгъэзащIэм ипкъ иткIэ жэуап зэрырагъэхь щIыкIэр нэхъ ткIий ящIыным, спиртрэ фадэрэ къызэрыщIагъэкIым, зэращэм къэралыр кIэлъыплъыным, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэуи зэIущIэм къыщащтащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъкIэ Налшык къалэм щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и Советым и депутат зыбжанэрэ республикэм и мэкъумэш, спорт IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ зэрыратынум теухуа унафэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ 2027 гъэм илъэс 200 зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырын, икIи ар егъэкIуэкIын мурадкIэ:

1. Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 200 зэрырикъур гъэлъэпIэным егъэщIылIа Iуэхухэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэхьэзырыным икIи щегъэкIуэкIыным хуэлэжьэну комитет къызэгъэпэщын.

2. Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 200 зэрырикъум егъэщIылIа Iуэхухэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэхьэзырыным икIи щегъэкIуэкIыным хуэлэжьэну къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр къэщтэн.

3. КъызэгъэпэщакIуэ комитетым зэхилъхьэн икIи къищтэн хуейщ Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 200 зэрырикъум егъэщIылIа Iуэхухэм я планыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2025 гъэм щIышылэм и 11-м
№1-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2025 гъэм щIышылэм и 1-м къыдигъэкIа унафэ №1-РГ-мкIэ къащтащ

Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 200 зэрырикъум егъэщIылIа Iуэхухэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэхьэзырыным икIи щегъэкIуэкIыным хуэлэжьэну къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIщ)*

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ, зэрызэгурыIуам тету)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Анаев М. А. - «Эльбрусоид» къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм зегъэужьыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ фондым и Налшык къудамэм и унафэщIыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Аппаевэ Л. М. - ЩэнхабзэмкIэ фонду Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэм и унафэщIыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Бетуганов И. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIалэгъуалэ Правительствэм и унафэщIыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщIыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Бозий А. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэрыщIэныгъэхэмкIэ и министрыр

Геграев Хь. К. - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и Социально-гуманитар институтым и унафэщIым щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Геккиев З. Д. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Гонтарь О. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щэнхабзэ щIэиным щыщхэр къэралым ихъумэнымкIэ IуэхущIапIэм и унафэщIыр

Джатэ Р. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIитIым ящыщ зыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Дзэмыхь Къ. ФI. - Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым - «ЩIэныгъэхэмкIэ урысей академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэм и къудамэм и унафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

ДыщэкI А. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрыр

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр

Журавлев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Зумакулов Б. М. - ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Къэзанш Л. Б. - «Урысейпсо къэрал телевизионнэ, радиовещательнэ компание» федеральнэ къэрал унитар IуэхущIапIэм и къудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевизионнэ, радиовещательнэ компанием» и унафэщIыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр

Конаков Хь. А. - «Урысейм и Журналистхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Кульбаев А. Б. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

КIурашын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъэпкъ IуэхухэмрэIуэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и секретарщ)*

Литвинов Р. А. - «Вече» урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ жылагъуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Лу А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм и IуэхухэмкIэ и министрыр

Отаров М. М. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнэр зыгъэзащIэр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Рахаев А. И. - «Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» щIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - «Шэрджэс лъэпкъыр зы щIыжынымкIэ, адыгэ хэхэсхэм я адэжь хэкум къыхуаIэ зэпыщIэныгъэм зегъэужьынымкIэ къэрал зэхуаку Шэрджэс Ассоциацэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Союзым и президентыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Тату Къ. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретарыр

Текуев А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ, хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Щоджэн Ш. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив IэнатIэм и унафэщIыр.

● Экономикэ

IэнатIэм и зэфIэкIым хохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым ерыскъымрэ ерыскъыхэкIхэмрэ елэжь и IуэхущIапIэхэм къыщIагъэкI продукцэхэм я куэдагъым хагъахъуэ зэпытщ, къитащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.

2024 гъэм и щIышылэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу ерыскъыхэкIыу къыщIагъэкIам и индексыр 103,1-рэ хъуащ, а пIалъэм къриубыдэу псыхэкIыу къалэжьам хуэдитIкIэ хагъэхъуащ 2023 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ.

ЕрыскъыхэкIхэм ящыщу нэхъыбэу къалэжьащ щIакхъуэр, щIакхъуэхэкIхэр, тхъуцIынэр, дагъэр, тхъу гъэвэжахэр, нэкулъ зэмылIэужьыгъуэхэр, шэр, шатащхьэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкI гъэфIэIуахэр, нартыхум къыхэщIыкIа крахмалыр.

ПсыхэкIхэм ящыщу нэхъыбэщ псыIэфIхэр, сырэр, спиртыр, аркъэр, нэгъуэщI фадэ лIэужьыгъуэхэр.

ИпэкIэ хъыбар зэрыщыIащи, 2024 гъэм и мазэ пщыкIузым къриубыдэу мэкъумэш продукцэу (мэкъумэш къэкIыгъэхэмрэ джэдкъазылымрэ) къыщIагъэкIам я куэдагъым фIыуэ хагъэхъуащ икIи проценти 4,3-кIэ щхьэщыкIащ 2023 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм. АхъшэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, иджыпсту къекIуэкI уасэхэм ятещIыхьауэ, къапщытэж лъэхъэнэм хуэзэу мэкъумэш продукцэу къыщIагъэкIащ сом мелард 64,9-рэ и уасэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

2025 гъэм и Адыгэ махуэгъэпс-щIэнгъуазэ

Мэлбахъуэ Тимборэ

Зумакулов Борис

Къалмыкъ Юрэ

КIуэкIуэ Юрэ


Бозий Натбий

ДзыхьмыщI Зарэ

ЖьакIэмыхъу КIунэ

ЩIЫШЫЛЭ (ЯНВАРЬ)

ЩIышылэм и 15

УФ-м и Следственнэ комитетыр къыщызэрагъэпэща махуэщ

1890 гъэм къалъхуащ адыгэ усакIуэ, IуэрыIуатэдж, жылагъуэ лэжьакIуэ **Кубэ Шэбан**.

ЩIышылэм и 17

1950 гъэм къалъхуащ адыгэ уэрэджыIакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **ПащIэ Ленэ**.

ЩIышылэм и 18

1940 гъэм къалъхуащ адыгэ тхакIуэ, кинодраматург **Жылэтэж Сэлэдин**.

1955 гъэм къалъхуащ КъБР-м и жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м цIыхубэ егъэджэныгъэм и отличник **Умэ Светланэ**.

ЩIышылэм и 20

1921 гъэм Бгырыс АССР-р къэунэхуащ.

1975 гъэм къалъхуащ самбэмкIэ тIэунейрэ дунейпсо чемпион (1999, 2003) **Алъхъуо Сыхьэтбий**.

ЩIышылэм и 21

Инженер дзэм и махуэщ

1985 гъэм Франджым и ЛIыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан** дунейм ехыжащ.

ЩIышылэм и 23

1935 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, тхакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым тIэунейрэ и лауреат **МафIэдз Сэрэбий**.

ЩIышылэм и 25

Урысей студентыгъуэм и махуэщ

ВМФ-м и штурманым и махуэщ

1919 гъэм Деникин и дзэхэм Налшык яубыдащ.

Таможнэм и лэжьакIуэм и махуэщ

ЩIышылэм и 27

Холокостым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ

1904 гъэм Урыс-Япон зауэм щIидзащ.

1941 гъэм «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

1968 гъэм Налшык къэрал Музыкэ театр къыщызэIуахащ.

1940 гъэм къалъхуащ Урысейм и къэрал лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Хьэгъэжей Джонсон**.

ЩIышылэм и 28

ЦIыхум ехьэлIа хъыбарыр хъумэным и дунейпсо махуэщ

ЩIышылэм и 29

2001 гъэм КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **КIыщокъуэ Алим** дунейм ехыжащ.

ЩIышылэм и 31

ДыщэкIым и дунейпсо махуэщ

МАЗАЕ (ФЕВРАЛЬ)

Мазаем и 1

1829 гъэм адыгэ узэщIакIуэ Нэгумэ Шорэ Налшык къыщызэIуихащ сабий нэхъ акъылыфIэхэм я школ.

1935 гъэм къалъхуащ археолог, шапсыгъ, лъахэдж, узэщIакIуэ **ТIэш Мадин**.

Мазаем и 3

1924 гъэм «Красная Кабарда» газетым и цIэр «Къэрэхьэлъкъ»-кIэ зэрахъуэкIащ.

Мазаем и 4

Лыжь узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

1935 гъэм Москва и метром япэ мафIэгур ирикIуащ.

Мазаем и 6

1935 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и лIыкIуэхэм папщIэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

1975 гъэм къалъхуащ адыгэ усакIуэ, журналист, дохутыр **ПщыукI Латмир**.

Мазаем и 7

2014 гъэм Сочэ щекIуэкIа Олимп Джэгухэр къызэIуахащ.

1890 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Ашуров Танахум**.

Мазаем и 8

Урысей щIэныгъэм и махуэщ

Дзэ топографым и махуэщ

1955 гъэм къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Iэбубэчыр**.

Мазаем и 9

Граждан авиацэм и лэжьакIуэм и махуэщ

Дзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ

Аэрофлотым и махуэщ

Мазаем и 10

Дипломат лэжьакIуэм и махуэщ

Пушкин Александр и фэеплъ махуэщ

1890 гъэм къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и япэ редактор нэхъыщхьэу щыта, «Адыгэбзэ» зэрырагъаджэ тхылъыр зытха **Хъуран Батий**.

1940 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, публицист, критик, цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КхъуэIуфэ Хьэчим**.

1945 гъэм къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ **Едыдж Нихьаи**.

Мазаем и 12

1957 гъэм Кавказ Ищхъэрэм щыяпэ дыдэу Налшык телевиденэм лэжьэн щIидзащ.

Мазаем и 13

Радиом и дунейпсо махуэщ

1945 гъэм къалъхуащ сурэтыщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Тэрч къалэ щIыхь зиIэ и цIыху **Гъыдэ Валерэ**.

1950 гъэм къалъхуащ адыгэ драматург, УФ-м и цIыхубэ артист **КIуэкIуэн Мурат**.

Мазаем и 14

Валентин щихьым и махуэщ - ФIыуэ зэрылъагъухэм я махуэщ

ТхылъкIэ зэхуэупсэным и дунейпсо махуэщ

Мазаем и 15

Я къулыкъу ягъэзащIэу нэгъуэщI къэрал щыхэкIуэда урысей цIыхухэм я фэеплъ махуэщ

Лыжь узыфэ зыпкърыт сабийхэм я дунейпсо махуэщ

1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

1940 гъэм къалъхуащ къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м, КъШР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Зумакулов Борис**.

1970 гъэм къалъхуащ Кавказымрэ Шэрджэс щIыналъэмрэ я тхыдэм теухуа лэжьыгъэхэр зи IэдакъэщIэкI щIэныгъэхэм я доктор **Хъун Яхья** (Израиль).

Мазаем и 16

Урысейм и Минэнергом и архивым и махуэщ

Мазаем и 17

Гуапагъэ щIэным и махуэщ

Урысей студент гупхэм я махуэщ

Мазаем и 18

Урысейм и транспорт полицэм и махуэщ

1924 гъэм Налшык Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIу къыщызэIуахащ.

1935 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, журналист цIэрыIуэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуэдзокъуэ Хьэсэн**.

Мазаем и 19

1986 гъэм СССР-м «Мир» станцыр хьэршым ириутIыпщхьащ.

Мазаем и 20

Социальнэ зэхуэгъэдэныгъэм и дунейпсо махуэщ

1940 гъэм Налшык IэфIыкIэ фабрикэ къыщызэIуахащ.

1935 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Гъащтэ Абдул**.

Мазаем и 21

Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ

Экскурсоводым и дунейпсо махуэщ

Мазаем и 22

ЩIэпхъаджащIэхэм яIэщIэкIуэдахэм я дунейпсо махуэщ

1944 гъэм Тамбий Владимир Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

1960 гъэм къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIу щыта **Хьэсанэ Руслан**.

Мазаем и 23

Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ

1942 гъэм кхъухьлъатэзехуэ **Къардэн Къубатий** Ленин орденыр япэу къратащ.

Мазаем и 24

Илъэс 280-рэ ипэ къалъхуащ урыс флотым и адмирал, касог пщышхуэ Ридадэ и къуэрылъху Ушаков Федор (1745-1817).

1915 гъэм къалъхуащ драматург, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Щхьэгъэпсо Мухьэмэд**.

Мазаем и 25

1930 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуэкIуэ Жэмалдин**.

Мазаем и 26

1940 гъэм къалъхуащ тхакIуэ **Щауэ Къалидар**.

1965 гъэм къалъхуащ КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Тхьэгъэлэдж Тимур**.

Мазаем и 27

Мыщэ хужьым и дунейпсо махуэщ

1945 гъэм Мэсей Аслъэнджэрий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

1940 гъэм къалъхуащ шэрджэс сурэтыщI **Мэзукъэбз Хьэзрэт**.

ГЪАТХЭПЭ (МАРТ)

Гъатхэпэм и 1

Граждан зыхъумэжыныгъэм и дунейпсо махуэщ

Эксперт-криминалистым и махуэщ

Хостинг-провайдерым и махуэщ

Наркотикымрэ ар зыщэхэмрэ ебэныным и махуэщ

Гъатхэпэм и 2

1805 гъэм къалъхуащ тхыдэтх, Кавказым и этнограф, адыгэхэм ятетхыхьа **Люлье Леонтий**.

1920 гъэм къалъхуащ усакIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Андырхъуей Хъусен**.

Гъатхэпэм и 3

ТхакIуэм и дунейпсо махуэщ

ЩIыуэпс къамыгъэIурыщIам и дунейпсо махуэщ

Театрым щылажьэ кассирым и махуэщ

ТхьэкIумэм и узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

1930 гъэм къалъхуащ усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ **Мысачэ Петр**.

Гъатхэпэм и 4

1940 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуэкIуэ Тэлэдин**.

Гъатхэпэм и 5

1950 гъэм къалъхуащ полковник, жылагъуэ лэжьакIуэ, Рихьэние (Израиль) щыщ **Гъыш Самир**.

Гъатхэпэм и 8-м

ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэщ

1940 гъэм къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Къаскъул Мусэбий**.

1950 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Унэрокъуэ Раисэ**.

Гъатхэпэм и 9-м

Геодезиемрэ картографиемрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ

Гъатхэпэм и 10

Архивхэм я махуэщ

Гъатхэпэм и 11

Наркоконтролым и лэжьакIуэм и махуэщ

ХъумакIуэм и махуэщ

1991 гъэм «Ленин гъуэгу» газетым и цIэр «Адыгэ псалъэ»-кIэ зэрахъуэкIащ.

Гъатхэпэм и 12

Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IуэхущIапIэм щылажьэхэм я махуэщ

1917 гъэм Урысейм пащтыхьыр щытрадзащ.

1955 гъэм къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хъурей Арсен**.

Гъатхэпэм и 14

Адыгэбзэм и махуэщ

1853 гъэм Бырсей Умар и «Адыгэбзэ псалъалъэ» тхылъыр дунейм къытехьащ.

2003 гъэм Адыгэ Республикэм унафэ къыщащтащ гъатхэпэм и 14-р Адыгэбзэм и махуэу зэрыщытымкIэ.

Гъатхэпэм и 15

ЩэхуакIуэм и хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

1880 гъэм къалъхуащ адыгэхэм я цIыхубэ лIыхъужь **Къылыш СулътIан-Джэрий**.

Гъатхэпэм и 16

ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, цIыхухэм IуэхутхьэбзэяхуэщIэным щылажьэхэм я махуэщ

МВД-м экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ и лэжьакIуэхэм я махуэщ

Гъатхэпэм и 18

Къырымыр Урысейм къыщыгуагъэхьэжам и махуэщ

1930 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессор, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Хъупсырокъуэ Хъызыр**.

Гъатхэпэм и 19

ПсыщIагъ кхъухьым ис хыдзэлIхэм я махуэщ

1930 гъэм къалъхуащ композитор, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къашыргъэ Билал**.

1945 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **ДзыхьмыщI Зарэ**.

Гъатхэпэм и 20

Насыпым и дунейпсо махуэщ

ЩIым и дунейпсо махуэщ

Астрологием и дунейпсо махуэщ

1910 гъэм къалъхуащ «ЩIыхь» орденым и нагъыщищри зыхуагъэфэща **Мусэ Менлы**.

Гъатхэпэм и 21

Усыгъэм и дунейпсо махуэщ

Дауным и узыфэр зыпкърытхэм я дунейпсо махуэщ

Лъэпкъ зэхэгъэжыр гъэкIуэдыным и дунейпсо махуэщ

Мэзхэм я дунейпсо махуэщ

Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэщ

1910 гъэм къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **Махъсидэ Залымхъан**.

1940 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, АР-м и цIыхубэ артист **Жанэ Нафисэт**.

1960 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Джатокъуэ Олег**.

Гъатхэпэм и 22

Псым и дунейпсо махуэщ

Таксистым и дунейпсо махуэщ

Гъатхэпэм и 23

Урысейм Гидрометеорологием и лэжьакIуэхэм я махуэщ

Гъатхэпэм и 24

Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ

1960 гъэм къалъхуащ адыгэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Абхъазым щIыхь зиIэ и артисткэ, АР-м и цIыхубэ артисткэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артистэ Къандурым и дунейпсо саугъэтым и лауреат **Нэхей Тамарэ**.

Гъатхэпэм и 25

Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэщ

Гъатхэпэм и 27

Урысейм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я махуэщ

Театрым и дунейпсо махуэщ

Гъатхэпэм и 28

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэщ

1957 гъэм Балъкъэр лъэпкъым и автономиер зэфIагъэувэжащ.

1940 гъэм къалъхуащ шэрджэс усакIуэ, публицист, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Псыхэмыхьэ Мусэ**.

Гъатхэпэм и 29

Юрист IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ

Гъатхэпэм и 30

ЩIыр хъумэным и махуэщ

1935 гъэм къалъхуащ Тыркум щыщ адыгэ спортсмен, Олимп Джэгухэм я чемпион (1968) **Нагъуэ (Аталай) Мэхьмуд**.

МЭЛЫЖЬЫХЬ (АПРЕЛЬ)

Мэлыжьыхьым и 1

Ауанымрэ дыхьэшхэнымрэ я махуэщ

Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэщ

1930 гъэм къалъхуащ адыгэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, АР-м и цIыхубэ артисткэ **Щауэжь Розэ**.

1950 гъэм къалъхуащ КъБР-м АР-м щIыхь зиIэ я артисткэ **КIуэкIуэ Елизаветэ**.

Мэлыжьыхьым и 2

Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ

1911 гъэм узэщIакIуэ ЦIагъуэ Нурий Истамбыл адыгэбзэкIэ къыщыдигъэкIащ «Гъуазэ» газетым и япэ номерыр.

Мэлыжьыхьым и 6

Геологым и махуэщ

Следственнэ органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

Мэлыжьыхьым и 7

Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

1940 гъэм къалъхуащ тхакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист **Мэзыхьэ Борис**.

Мэлыжьыхьым и 8

Цыджанхэм я дунейпсо махуэщ

Дзэ комиссариатхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

1945 гъэм къалъхуащ УФ-м, АР-м я цIыхубэ сурэтыщI, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теувэж**.

Мэлыжьыхьым и 10

Хьэуам щызэпэщIэт къарухэм защыхъумэным и махуэщ

1945 гъэм Иуан Хьэсэн Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

1964 гъэм «КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэхэр ягъэуващ.

Мэлыжьыхьым и 11

ГъэрыпIэм исхэр хуит къэщIыжыным и дунейпсо махуэщ

1940 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Бэтокъуэ Нияз**.

Мэлыжьыхьым и 12

Космонавтикэм и дунейпсо махуэщ

Мэлыжьыхьым и 13

ПсапащIэм и махуэщ

1905 гъэм къалъхуащ адыгэ узэщIакIуэ, еджагъэшхуэ **ГъукIэмыхъу Абубэчыр**.

Мэлыжьыхьым и 15

Щэнхабзэм и дунейпсо махуэщ

Радио, электроннэ IэщIагъэлIым и махуэщ

Мэлыжьыхьым и 17

Гемофилием и дунейпсо махуэщ

Мэлыжьыхьым и 18

Фэеплъхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэмрэ я дунейпсо махуэщ

Радиор фIыуэ зылъагъум и дунейпсо махуэщ

1970 гъэм Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ «Мадинэ» япэ адыгэ оперэр ягъэуващ.

Мэлыжьыхьым и 19

Урысей полиграфием и махуэщ

Циркым и дунейпсо махуэщ

1965 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Беслъэней Эдуард**.

Мэлыжьыхьым и 20

Донорым и лъэпкъ махуэщ

1937 гъэм Прохладнэ станицэр къалэ хъуащ.

1940 гъэм къалъхуащ Германием щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Федерацэм и тхьэмадэу щыта **ТIамжьыкъуэ (Цей) Умар-Фарукъ**.

1940 гъэм къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Джырандокъуэ Михаил**.

Мэлыжьыхьым и 21

ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэщ

Бухгалтер нэхъыщхьэм и махуэщ

1925 гъэм къалъхуащ Иорданием и къэрал, дзэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, дипломат, генерал-майор **Бырмамыт Фоаз**.

1940 гъэм къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **ЖьакIэмыхъу КIунэ**.

Мэлыжьыхьым и 22

«ЩIым и махуэ» дунейпсо Iуэхур йокIуэкI

1870 гъэм къалъхуащ Ленин (Ульянов) Владимир.

Мэлыжьыхьым и 23

Тхылъымрэ ар зытхам и хуитыныгъэр хъумэнымрэ я дунейпсо махуэщ

Мэлыжьыхьым и 24

ЩIалэгъуалэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ

Мэлыжьыхьым и 25

Адыгэ (шэрджэс) ныпым и махуэщ

Техьэгъуэ узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

ДНК-м и дунейпсо махуэщ

Пхъум и махуэщ

Мэлыжьыхьым и 26

Интеллект мылъкум и дунейпсо махуэщ

Радиацэ шынагъуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ

Нотариатым и махуэщ

Мэлыжьыхьым и 27

Урысей парламентаризмэм и махуэщ

Мэлыжьыхьым и 28

Лэжьыгъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

Химие шынагъуэншагъэм и махуэщ

Медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэм и лэжьакIуэм и махуэщ

Мэлыжьыхьым и 29

Къафэм и дунейпсо махуэщ

1964 гъэм ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуващ «Лалуцэ» япэ адыгэ балетыр.

Мэлыжьыхьым и 30

Джазым и дунейпсо махуэщ

МафIэс къэмыгъэхъуным и махуэщ

НАКЪЫГЪЭ (МАЙ)

Накъыгъэм и 1

Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ

1955 гъэм къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **Емкъуж Мухьэмэд**.

Накъыгъэм и 2

1930 гъэм къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **ТIажь Пётр**.

Накъыгъэм и 3

Печатым и хуитыныгъэм и дунейпсо махуэщ

Дыгъэм и дунейпсо махуэщ

Астрономием и дунейпсо махуэщ

Накъыгъэм и 4

1959 гъэм Налшык газ къашэу щIадзащ.

2010 гъэм УФ-м и Президентым и УказкIэ Налшык «Дзэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Накъыгъэм и 5

Акушерым и дунейпсо махуэщ

Ныкъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэм щIэбэныным и дунейпсо махуэщ

Водолазым и махуэщ

1930 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къардэн Iэбубэ**.

Накъыгъэм и 6

1870 гъэм къалъхуащ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и маршал, адыгэ дзэзешэ цIэрыIуэ **Азнавур (Анчокъуэ) Ахъмэт**.

1875 гъэм къалъхуащ адыгэ тхыдэтх, узэщIакIуэ **Долэт-Джэрий СултIан**.

1960 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щыIэ УФПС-м и унафэщIу щыта **Шурдым Iэсият**.

Накъыгъэм и 7

Радиом и махуэщ

Связистым и махуэщ

Урысейм IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэр къыщызэрагъэпэща махуэщ

1985 гъэм Налшык Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

1990 гъэм КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

1940 гъэм къалъхуащ колхозхэт, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Инэмыкъуэ КIунац** (Адыгей).

1950 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъКъУ-м и профессор **Балэ Иринэ**.

Накъыгъэм и 8

Жор плъыжьымрэ Мазэ ныкъуэ щхъуантIэмрэ я дунейпсо махуэщ

1945 гъэм фашист Германием псалъэмакъыншэу зыкъызэритымкIэ актым Iэ традзащ.

Накъыгъэм и 9

ТЕКIУЭНЫГЪЭМ И МАХУЭЩ

1945 гъэм «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалыр ягъэуващ.

1910 гъэм къалъхуащ режиссёр, КъБР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мыд Хьэжмусэ**.

1915 гъэм къалъхуащ КъБАССР-м и къэрал лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бгъэжьнокъуэ Хьэчим**.

Накъыгъэм и 10

1930 гъэм къалъхуащ педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, АПСН-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик, УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бузэр Ким**.

1945 гъэм къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **Пэнэж Увжыкъуэ**.

Накъыгъэм и 11

Анэм и махуэщ

Накъыгъэм и12

Медицинэ сестрахэм я дунейпсо махуэщ

1935 гъэм къалъхуащ публицист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий**.

Накъыгъэм и 13

УФ-м и Хы фIыцIэ флотым и махуэщ

1965 гъэм къалъхуащ КъБР-мрэ Ингуш Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артист **Зеущэ Iэуес**.

Накъыгъэм и 14

1945 гъэм къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, Абхъаз Республикэм и япэ президенту щыта **Ардзинбэ Владислав**.

1950 гъэм къалъхуащ композитор, музыковед **Блай Тамарэ**.

Накъыгъэм и 15

Унагъуэм и дунейпсо махуэщ

1942 гъэм 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шууей дивизэр зауэм Iухьащ.

1935 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, журналист **Къамбий Зуфар**.

Накъыгъэм и 16

Биографхэм я махуэщ

Накъыгъэм и 17

Хъыбар зыт жылагъуэм и дунейпсо махуэщ

1915 гъэм къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Делэ Алий** (Адыгей).

Накъыгъэм и 18

Музейхэм я дунейпсо махуэщ

Накъыгъэм и 19

1991 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей лъэпкъым и япэ конгресс. Абы и япэ президенту хахащ Къалмыкъ Юрэ

Накъыгъэм и 20

Метрологым и дунейпсо махуэщ

Травматологым и дунейпсо махуэщ

Бжьэм, бжьэ зыгъэхъухэм я дунейпсо махуэщ

1935 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЖьэкIэмыхъу Мусэбий**.

1955 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Тэтрокъуэ Астемыр**.

Накъыгъэм и 21

Полярникым и махуэщ

Урыс-Кавказ зауэм (1763-1864) хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэщ

2004 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ.

Накъыгъэм и 24

Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщ

Кадровикым и махуэщ

1940 гъэм къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ, усакIуэ **Анзор Мухьэмэд**.

Накъыгъэм и 25

Филологым и махуэщ

1940 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэмокъуэ Барэсбий**.

1950 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэу щыта **Бозий Натбий**.

Накъыгъэм и 26

ХьэрычэтыщIэм и махуэщ

Накъыгъэм и 27

Библиотекарым и махуэщ

Накъыгъэм и 28

Гъунапкъэхъумэм и махуэщ

1930 гъэм къалъхуащ Адыгейм, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Урысей Федерацэм Лэжьыгъэм-кIэ и ЛIыхъужь **МэшбащIэ Исхьэкъ**.

1930 гъэм къалъхуащ киноактёр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Молей Барэсбий**.

1950 гъэм къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ **Джэрыджэ Хьэсэн**.

Накъыгъэм и 29

ООН-м щыIэ мамырыгъэщIэкъухэм (миротворецхэм) я дунейпсо махуэщ

Дзэ автомобилистым и махуэщ

Таможнэ къулыкъущIапIэм и ветеранхэм я махуэщ

Накъыгъэм и 30

1970 гъэм къалъхуащ телережиссер, культурологиемкIэ кандидат, УФ-м и артиадэм, КъБР-м и Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Сэралъп Самарэ**.

Накъыгъэм и 31

Адвокатым и махуэщ

1960 гъэм къалъхуащ политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Къарэнашэ Iэминат**.

МЭКЪУАУЭГЪУЭ (ИЮНЬ)

Мэкъуауэгъуэм и 1

Адэ-анэхэм я дунейпсо махуэщ

Сабийхэр хъумэным и махуэщ

1921 гъэм «Красная Кабарда» газетым и япэ номерыр къыдэкIащ.

Мэкъуауэгъуэм и 2

1928 гъэм Налшык тхылъ тедзапIэ къыщызэIуахащ.

1950 гъэм къалъхуащ усакIуэ цIэрыIуэ, журналист **Хьэту Пётр**.

Мэкъуауэгъуэм и 3

1935 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Тамбий Александр**.

Мэкъуауэгъуэм и 5

Экологым и махуэщ

Дыкъэзэуххуреихь дунейр хъумэным и махуэщ

1930 гъэм къалъхуащ адыгэ усакIуэ **Хъунэгу Нурет**.

1960 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, шэрджэс еджагъэшхуэ **Мамбэт Мурадин**.

Мэкъуауэгъуэм и 6

Урысыбзэм и махуэщ

Мэкъуауэгъуэм и 8

Социальнэ лэжьакIуэм и махуэщ

Тенджызым и дунейпсо махуэщ

1955 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, Урысей артиадэм и лауреат **МахуэлI Хьэджэт**.

Мэкъуауэгъуэм и 10

1910 гъэм къалъхуащ сурэтыщI-график, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, «Нартхэр», «Ди деж къэса уэрэдхэр», «Къурш щхьэгухухэм я таурыхъхэр» тхылъхэр зыгъэщIэрэщIа **Глуховцев Александр**.

1925 гъэм къалъхуащ режиссёр цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Ерчэн Леонид**.

Мэкъуауэгъуэм и 12

Урысейм и махуэщ

Мэкъуауэгъуэм и 13

1936 гъэм Къэбэрдей къэрал лъэпкъ драмэ театрыр къызэIуахащ.

1950 гъэм къалъхуащ искусствоведениемкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Тыркумэн консерваторэм и проректор **Абыкъуэ ФатIимэ**.

1970 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **ХъуакIуэ Заурбэч**.

Мэкъуауэгъуэм и 14

УФ-м и Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхухэмкiэ и IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ

Лъы зытым и дунейпсо махуэщ

1955 гъэм къалъхуащ адыгей усакIуэ, драматург **ЛIыхэс Мухьдин**.

Мэкъуауэгъуэм и 15

Медицинэ IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ

Адэм и махуэщ

1945 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Пщыгъуэш Юрэ**.

Мэкъуауэгъуэм и 16

1940 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къумахуэ Владимир**.

Мэкъуауэгъуэм и 17

1940 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **КIэш Фёдор**.

Мэкъуауэгъуэм и 18

1940 гъэм къалъхуащ сурэтыщI **Индрис Залымхъан**.

Мэкъуауэгъуэм и 19

1960 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, КъБР-м и Правительствэм и саугъэтым и лауреат **БищIо Iэсият**.

Мэкъуауэгъуэм и 20

Зи псэупIэр Iэмалыншагъэкiэ зыхъуэжын хуей хъуахэм я дунейпсо махуэщ

1920 гъэм къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Кхъуэхъу Цуцэ**.

Мэкъуауэгъуэм и 22

Щыгъуэмрэ фэеплъымрэ я махуэщ - Хэку зауэшхуэр щыщIидза махуэщ

Мэкъуауэгъуэм и 23

1950 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ, «Хьэбэз гипс завод» ОАО-м и унафэщI **Аргун Олег**.

Мэкъуауэгъуэм и 25

ХыдзэлIым (морякым) и махуэщ

1945 гъэм къалъхуащ психологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хъурей Леоренэ**.

Мэкъуауэгъуэм и 26

1945 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, МАИ-м и академик **Къэсей Борис**.

Мэкъуауэгъуэм и 27

1979 гъэм «КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

Мэкъуауэгъуэм и 28

Урысейм и щIалэгъуалэм и махуэщ

Мэкъуауэгъуэм и 29

1930 гъэм къалъхуащ «Шэрджэсхэр» монографиер зи IэдакъэщIэкIа, хэхэс адыгэхэм ятеухуауэ куэд зылэжьа **Хьэтыкъуей Раджаб** (Израиль).

Мэкъуауэгъуэм и 30

1945 гъэм къалъхуащ америкэ бзэщIэныгъэлI, адыгэбзэр зыджа, тхылъ зыбжанэ зытха профессор **Коларуссо Джон**.

БАДЗЭУЭГЪУЭ (ИЮЛЬ)

Бадзэуэгъуэм и 1

Зэхэуэхэм хэта ветеранхэм я махуэщ

1925 гъэм къалъхуащ тырку публицист, узэщIакIуэ цIэрыIуэ **Айдемир (Выщхьэ) Иззэт**.

1980 гъэм къалъхуащ Олимп Джэгухэм я чемпион (2008), КъБР-м спортымкIэ и министру щыта **Хъущт Аслъэнбэч**.

Бадзэуэгъуэм и 2

Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ.

1805 гъэм къалъхуащ адыгэпщ, Кавказ зауэм и лIыхъужь **ХьэтIохъущокъуэ Мухьэмэт-Iэшэ**.

Шортэн Аллэ

Нэхущ Чэрим


Даур Аслъэн


Брат Хьэбас

ШэджыхьэщIэ Аслъэнбий


БакIуу Хьэнджэрий

Щомахуэ Амырхъан


Елгъэр Кашиф

2025 гъэм и Адыгэ махуэгъэпс-щIэнгъуазэ


Хъуран Батий

Мэзыхьэ Борис

ТIымыжь Хьэмыщэ


Джырандокъуэ Михаил

Махуэл Хьэджэт

Вындыжь Марие

Пщыук1 Латмир

<u>Бадзэуэгъуэм и 3</u>
ГИБДД-м (ГАИ-м) и махуэщ
<u>Бадзэуэгъуэм и 4</u>
1920 гъэм къалъхуащ танкист хъыжьэ, Совет Союзым и **ЛIыхъужь Къардэн Къэбард**.
1975 гъэм къалъхуащ бэнэкIэ хуитымкIэ дунейпсо чемпион (1991) **Бажэ Заудин**.
<u>Бадзэуэгъуэм и 5</u>
Псы, тенджыз флотым и лэжьакIуэхэм я махуэщ
1900 гъэм къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Абыкъу Хъалид**.
1930 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд**.
<u>Бадзэуэгъуэм и 6</u>
Псы, тенджыз флотым и лэжьакIуэхэм я махуэщ
1960 гъэм къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Сэхъурокъуэ Анатолэ**.
<u>Бадзэуэгъуэм и 8</u>
Унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм и махуэщ
<u>Бадзэуэгъуэм и 10</u>
1955 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ хъумэным щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и медалыр зыхуагъэфэща **Портэ Галинэ**.
<u>Бадзэуэгъуэм и 13</u>
Бдзэжьеящэм и махуэщ
Пощтым и махуэщ
<u>Бадзэуэгъуэм и 15</u>
1925 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Пщыбий Инал**.
<u>Бадзэуэгъуэм и 16</u>
1935 гъэм къалъхуащ СССР-м спортымкIэ и мастер, СССР-м щэнейрэ и чемпион, КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуэдзокъуэ Анатолэ**.
<u>Бадзэуэгъуэм и 20</u>
Металлургым и махуэщ
Шахматым и дунейпсо махуэщ
<u>Бадзэуэгъуэм и 21</u>
1829 гъэм адыгэлI Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Iуащхьэмахуэ и щыгум къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ дэкIащ.
1994 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал гербыр, Къэрал ныпыр, Къэрал гимныр къащтащ.
<u>Бадзэуэгъуэм и 23</u>
Хьыкхъуэхэмрэ джэйхэмрэ я дунейпсо махуэщ
<u>Бадзэуэгъуэм и 24</u>
1940 гъэм къалъхуащ композитор, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Даур Аслъэн**.
1940 гъэм къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **Къэзан Хьэмзэт**.
<u>Бадзэуэгъуэм и 25</u>
УФ-м и следственнэ органхэм я лэжьакIуэм и махуэщ
<u>Бадзэуэгъуэм и 26</u>
Дзэ-тенджыз флотым и махуэщ
СатуущIым и махуэщ
<u>Бадзэуэгъуэм и 27</u>
1940 гъэм къалъхуащ адыгей тхакIуэ **Чуякъуэ Юнус**.
<u>Бадзэуэгъуэм и 28</u>
1900 гъэм къалъхуащ Сирием щыпсэу хэхэс адыгэхэм ятеухуауэ куэд зылэжьа, Сорбоннэр къэзыуха, «Адыгэхэм я тхыдэ», «Адыгэхэр пащтыхьхэм зэрезэуар» лэжьыгъэхэр зи Iэдакъэщ1эк1 **Сэмгугъу Iэмин**.
<u>Бадзэуэгъуэм и 29</u>
1945 гъэм къалъхуащ АР-м щIыхь зиIэ и журналист **Сэхъутэ Нурбий**.
<u>Бадзэуэгъуэм и 30</u>
Зэныбжьэгъугъэм и дунейпсо махуэщ

ШЫЩХЬЭУIУ (АВГУСТ)

<u>ШыщхьэуIум и 1</u>
Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэщ
Инкассаторым и дунейпсо махуэщ
1930 гъэм къалъхуащ тхакIуэ **Къущхьэ СулътIан**.
<u>Шыщхьэуlум и 2</u>
Хьэуа-десантыдзэхэм я махуэщ
1585 гъэм къалъхуащ пщыгуащэ, къэрал лэжьакIуэ **Черкасская Жылэгуащэ**.
<u>Шыщхьэуlум и 3</u>
ГъущI гъуэгум и лэжьакIуэм и махуэщ
<u>Шыщхьэуlум и 4</u>
1905 гъэм къалъхуащ куржы лингвист-кавказыдж, абхъазадыгэ бзэ гупым елэжьа, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Куржым щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Рогавэ Георгий**.
<u>Шыщхьэуlум и 6</u>
ГъущI гъуэгудзэм и махуэщ
<u>Шыщхьэуlум и 8</u>
Альпинизмым и дунейпсо махуэщ
<u>Шыщхьэуlум и 9</u>
Физкультурникым и махуэщ
1950 гъэм къалъхуащ усакIуэ, драматург, радиожурналист **Вындыжь Марие**.
<u>Шыщхьэуlум и 10</u>
УхуакIуэм и махуэщ
1930 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым, профсоюзым я пашэу щыта, «Горянка» газетым и япэ редактор нэхъыщхьэ **Сэбаншы Розэ**.
1930 гъэм къалъхуащ литературэдж, Дагъыстэным щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Ержыб Аслъэн**.
1930 гъэм къалъхуащ США-м щыпсэу хэхэс адыгэхэм ящыщ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Кавказ Ищхъэрэ центрым и унафэщIу щыта **Къэзан Яхья**.
1940 гъэм къалъхуащ Сирием къикIыжа тхакIуэ, узэщIакIуэ, егъэджакIуэ **Къумыкъу Мамдухь**.
1940 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мызэуш Борис**.
<u>Шыщхьэуlум и 11</u>
1945 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Елгъэр Анатолэ**.
<u>Шыщхьэуlум и 12</u>
УФ-м и Дзэ-хьэуа къарухэм я махуэщ
ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ
1930 гъэм къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бырхьэм Михаил**.
<u>ШыщхьэIум и 13</u>
1915 гъэм къалъхуащ РСФСР-м, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, радиом и диктор **Безрокъуэ Хужь**.
1955 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, генерал-полковник, КъБР-м и Iэтащхьэу щыта, УФ-м КъэралкIуэцI IуэхухэмкIэ и къулыкъущIапIэхэм щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр зыхуагъэфэща, ЛIыгъэм и орденыр зрата, УФ-м Шынагъуэншагъэмкlэ Секретарым и къуэдзэ **КIуэкIуэ Юрэ**.
<u>Шыщхьэуlум и 14</u>
Абхъазыр зыхъумахэм я фэеплъ махуэщ
<u>Шыщхьэуlум и 15</u>
Археологым и махуэщ
1855 гъэм къалъхуащ адыгей усакIуэ **Теувэж Дзыгъуэ**.
1940 гъэм къалъхуащ сурэтыщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щхьэцэ Владимир**.
<u>Шыщхьэуlум и 17</u>
Урысейм и Хьэуа флотым и махуэщ
1771 гъэм Екатеринэ ЕтIуанэм къэбэрдей цIыхубэм Щытхъу тхылъ къахуигъэхьащ.
<u>Шыщхьэуlум и 18</u>
1600 гъэм къалъхуащ нэмыцэ дипломат, адыгэ тхыдэр зыджа **Олеарий Iэдэм**.
<u>Шыщхьэуlум и 19</u>
1935 гъэм къалъхуащ КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **БищIо Анатолэ**.
1965 гъэм къалъхуащ режиссер, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дэбагъуэ Роман**.
<u>Шыщхьэуlум и 21</u>
1561 гъэм Урыс пащтыхь Грозный Иван (Иван IV Васильевич) щхьэгъусэу ишащ къэбэрдеипщ **Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие)**.
<u>Шыщхьэуlум и 22</u>
Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэщ
<u>Шыщхьэуlум и 23</u>
1992 гъэм ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер къызэрагъэпэщащ.
<u>Шыщхьэуlум и 24</u>
1830 гъэм дунейм ехыжащ Къэбэрдей пщы уэлий хахуэ **Жанхъуэт Кушыку**.
1943 гъэм кхъухьлъатэзехуэ Къардэн Къубатий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.
<u>Шыщхьэуlум и 25</u>
1960 гъэм къалъхуащ нейрохирург, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Семэн Жаннэ**.
<u>Шыщхьэуlум и 27</u>
Урысей киноМ и махуэщ
1910 гъэм къалъхуащ псапащIэ цIэрыIуэ **Терезэ-анэр (Бонджниу Агнесс Гонджа)**.
1940 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, Адыгейм, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къантемыр Тыркубий**.
<u>Шыщхьэуlум и 31</u>
1971 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Октябрь Революцэ орденыр къратащ.

ФОКIАДЭ (СЕНТЯБРЬ)

<u>ФокIадэм и 1</u>
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэщ
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ
Налшык къалэ и махуэщ
ЩIэныгъэм и махуэщ
1569 гъэм Идар Гуащэнэ (Марие), урыс пащтыхь гуащэр дунейм ехыжащ.
1921 гъэм Къэбэрдей АО-р къызэрагъэпэщащ.
1940 гъэм Налшык къыщызэрагъэпэщащ адыгэ, балъкъэр балет студиехэр.
<u>ФокIадэм и 2</u>
Урысей гвардием и махуэщ
ЕтIуанэ Дунейпсо зауэр щиуха махуэщ
1943 гъэм кхъухьлъатэзехуэ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.
<u>ФокIадэм и 3</u>
Терроризмэм ебэнхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ
<u>ФокIадэм и 5</u>
1936 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щаутIыпщащ Бахъсэн ГЭС-р.
1875 гъэм къалъхуащ пщыгуащэ, оперэ уэрэджыIакIуэ, Петербург консерваторэр къэзыуха **Черкасская Марианнэ**.
1895 гъэм къалъхуащ усакIуэ, композитор, пшынауэ, уэрэджыIакIуэ, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэжэр Индрис**.
<u>ФокIадэм и 7</u>
ЩIыдагъэ, газ промышленностым и лэжьакIуэхэм я махуэщ
1940 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м, Абхъазым ЩIэныгъэхэмкIэ и академием я академик, Абхъаз къэрал университетым и ректор **Гварамие Алеко**.
1955 гъэм къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Шэджэм район администрацэм и Iэтащхьэу щыта **Ахъуэхъу Къанщобий**.
<u>ФокIадэм и 8</u>
Финансистым и махуэщ
Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ
<u>ФокIадэм и 10</u>
1930 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Быджанэ Мурат**.
<u>ФокIадэм и 12</u>
1930 гъэм къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Брат Хьэбас**.
1950 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **ШэджыхьэщIэ Аслъэнбий**.
1960 гъэм къалъхуащ адыгэ усакIуэ, журналист **Мамыщ Владимир**.
<u>ФокIадэм и 13</u>
Программистым и махуэщ
Парикмахерым и махуэщ
1934 гъэм къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Шорэ Хьэсин**.
<u>ФокIадэм и 14</u>
Танкистым и махуэщ
1950 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Щоджэн БетIал**.
<u>ФокIадэм и 15</u>
Демократием и дунейпсо махуэщ
1932 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр къызэIуахащ.
1960 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщIу лэжьа **Къардэн Мурат**.
<u>ФокIадэм и 17</u>
1940 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъШР-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **БакIуу Хъанджэрий**.
<u>ФокIадэм и 20</u>
Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ
Осетие Ипщэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ
<u>ФокIадэм и 21</u>
Мэзым и лэжьакIуэм и махуэщ
1945 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, къэфакIуэ **Мысачэ Валентинэ**.
1955 гъэм къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бей Iэуес**.
<u>ФокIадэм и 22</u>
Махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхъу бжьыхьэ махуэщ.
<u>ФокIадэм и 25</u>
1915 гъэм къалъхуащ АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ **Еутых Аскэр**.
<u>ФокIадэм и 27</u>
Туризмым и дунейпсо махуэщ
ГъэсакIуэм и махуэщ
1965 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэбий Анзор**.
<u>ФокIадэм и 28</u>
Адыгэ фащэм и махуэщ
Машинэухуэм и махуэщ
Атом промышленностым и лэжьакIуэхэм я махуэщ
1680 гъэм къалъхуащ Урысей империем и канцлер, Сыбырым и губернатор **Черкасский Алексей**.
<u>ФокIадэм и 30</u>
Абхъаз лъэпкъым и текIуэныгъэм и махуэщ
1835 гъэм къалъхуащ Тыркум щыIэ лъэпкъ-щэнхабзэ зэщIэхъееныгъэм и пашэ, маршал, дипломат **ТIыгъуэ ФуIэд-пэщэ**.
1930 гъэм къалъхуащ США-м щыпсэуа, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ хэхэс адыгэхэм ятеухуа куэд зылэжьа **Хьэвжокъуэ Маждэ**.

ЖЭПУЭГЪУЭ (ОКТЯБРЬ)

<u>Жэпуэгъуэм и 1</u>
Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэщ
УФ-м и лъэсыдзэм и махуэщ
Макъамэм и дунейпсо махуэщ
1924 гъэм Налшык егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр техникум къыщызэIуахащ.
1933 гъэм Налшык Лениным и цIэр зэрихьэу дэт еджапIэ къалэ цIыкIум къыщызэрагъэпэщащ лъэпкъ студие.
1945 гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Къущхьэ Iэмырхъан**.
1950 гъэм къалъхуащ адыгей усакIуэ, щIэныгъэрылажьэ **Ергъукъу-ШащIэ Шамсиет**.
<u>Жэпуэгъуэм и 2</u>
Сабий, балигъ сымаджэхэм ядэлажьэ егъэджакIуэм и дунейпсо махуэщ
1930 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм хыхьэ Блашэпсынэ къуажэм щыщ дин лэжьакIуэ цIэрыIуэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**.
1970 гъэм къалъхуащ пауэрлифтингымкIэ 1996, 1997, 1998, 1999 гъэхэм дунейпсо чемпион хъуа **Хъуажь Юрэ**.
<u>Жэпуэгъуэм и 3</u>
ОМОН-м и махуэщ
Адыгэшым и махуэщ
1934 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къызэрагъэпэщащ.
<u>Жэпуэгъуэм и 4</u>
Хьэршыдзэм и махуэщ
1986 гъэм «Iуащхьэмахуэ лъапэ» къэрал лъэпкъ паркыр къызэрагъэпэщащ.
<u>Жэпуэгъуэм и 5</u>
ЕгъэджакIуэм и дунейпсо махуэщ
1990 гъэм Адыгэ Республикэр къызэрагъэпэщащ.
1950 гъэм къалъхуащ генерал-лейтенант, УФ-м и ВВС-м и командующэм и къуэдзэ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Быж Айтэч**.
<u>Жэпуэгъуэм и 6</u>
Архитектурэм и дунейпсо махуэщ
Дохутырым и дунейпсо махуэщ
<u>Жэпуэгъуэм и 8</u>
1935 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Умар Анатолэ**.
<u>Жэпуэгъуэм и 9</u>
Пощтым и дунейпсо махуэщ
1955 гъэм къалъхуащ ухуакIуэ, хьэрычэтыщIэ **Къуршэ Валерэ**.
<u>Жэпуэгъуэм и 10</u>
Псэм и узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
1910 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Щомахуэ Iэмырхъан**.
1930 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуантIэ Iэзид**.
1935 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ **Елгъэр Кашиф**.
1940 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Куэт Къанщобий**.
1955 гъэм къалъхуащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Щоджэн ФатIимэ**.
<u>Жэпуэгъуэм и 12</u>
Мэкъумэш IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ
<u>Жэпуэгъуэм и 15</u>
1930 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТекIуий Анатолэ**.
1935 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Абхъазым и цIыхубэ артист **Мысостышхуэ Пщызэбий**.
1940 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **IутIыж Борис**.
<u>Жэпуэгъуэм и 16</u>
ЩIакхъуэм и дунейпсо махуэщ
1955 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, литературэдж **ТIымыжь Хьэмыщэ**.
<u>Жэпуэгъуэм и 19</u>
Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ
1900 гъэм къалъхуащ Сирием и къэрал, дзэ лэжьакIуэ, полицэм и генерал, СХьР-м щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщ **Хьэпышт Мухьэмэд-Алий**.
1955 гъэм къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЛIыбекъуэ Алексей**.
<u>Жэпуэгъуэм и 20</u>
Дзэ связистым и махуэщ
ПщафIэм и дунейпсо махуэщ
Статистикэм и дунейпсо махуэщ
1940 гъэм къалъхуащ усакIуэ, АР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Мэхъуэш Руслан**.
<u>Жэпуэгъуэм и 24</u>
Спецназым и махуэщ
ООН-м и махуэщ
1945 гъэм ООН-м и Уставыр къащтащ.
<u>Жэпуэгъуэм и 25</u>
Таможенникым и махуэщ
1940 гъэм къалъхуащ Сирием и къэрал, политикэ лэжьакIуэ, СХьР-м и Парламентым и депутат, Дамаск щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ (1996-2006) **Абазэ (Маршэн) Шараф**.
<u>Жэпуэгъуэм и 26</u>
Автомобиль, цIыхухэр къезышэкI транспортым я лэжьакIуэм и махуэщ
<u>Жэпуэгъуэм и 27</u>
Школ библиотекэхэм я дунейпсо махуэщ
1940 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал драмэ театрхэр.
<u>Жэпуэгъуэм и 28</u>
1900 гъэм къалъхуащ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа икIи и классик **ЩоджэнцIыкIу Алий**.
<u>Жэпуэгъуэм и 29</u>
1930 гъэм къалъхуащ АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Пэнэф Сэфар**.
<u>Жэпуэгъуэм и 30</u>
Политикэ залымыгъэм ихьахэм я фэеплъ махуэщ
Инженер-механикым и махуэщ

ЩЭКIУЭГЪУЭ (НОЯБРЬ)

<u>ЩэкIуэгъуэм и 1</u>
Суд приставым и махуэщ
<u>ЩэкIуэгъуэм и 2</u>
1949 гъэм Къэбэрдей бгылъагэ мэз гъэфIэныр (заповедникыр) къызэрагъэпэщащ.
1940 гъэм къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Молэ Владимир**.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 4</u>
ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ
<u>ЩэкIуэгъуэм и 5</u>
Дзэ тIасхъэщIэхым и махуэщ
<u>ЩэкIуэгъуэм и 6</u>
1685 гъэм къалъхуащ Къэбэрдейм и жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ, узэщIакIуэ, дипломат **Къэзанокъуэ Жэбагъы**.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 7</u>
ЗэгурыIуэныгъэмрэ зэкIужыныгъэмрэ я махуэщ
Октябрь революцэм и махуэщ (1917)
1930 гъэм къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМА-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Бытуэ Хьэзрэталий**.
1935 гъэм къалъхуащ усакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэжэр Пётр**.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 9</u>
1940 гъэм къалъхуащ адыгей усакIуэ **Хьэлэш Сэфарбий**.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 10</u>
ЩIэныгъэм и дунейпсо махуэщ
МВД-м и лэжьакIуэм и махуэщ
ЩIалэгъуалэм и дунейпсо махуэщ
<u>ЩэкIуэгъуэм и 11</u>
Экономистым и махуэщ
<u>ЩэкIуэгъуэм и 13</u>
1955 гъэм къалъхуащ зэдзэкIакIуэ, радиожурналист **Мэремкъул Ларисэ**.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 14</u>
Социологым и махуэщ
Логопедым и махуэщ
1935 гъэм къалъхуащ КъБАССР-м щыщ ухуакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Алмэ Алий**.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 15</u>
1960 гъэм къалъхуащ актрисэ **Мэкъуауэ ФатIимэ**.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 16</u>
ШыIэныгъэм и дунейпсо махуэщ
<u>ЩэкIуэгъуэм и 17</u>
Участковэм и махуэщ
Студентхэм я дунейпсо махуэщ
1920 гъэм Бгырыс (Горскэ) АССР-р къызэрагъэпэщащ.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 19</u>
Артиллерием и махуэщ
1941 гъэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ Налшык комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэр къызэгъэпэщыным теухуауэ унафэ къищтащ.
1985 гъэм къалъхуащ IэпщэрыбанэмкIэ дунейпсо чемпион **ХьэкIырэ Атмир**.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 21</u>
Телевиденэм и дунейпсо махуэщ
УФ-м и налог органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ
Бухгалтерым и махуэщ
<u>ЩэкIуэгъуэм и 23</u>
1920 гъэм къалъхуащ усакIуэ телъыджэ, щIэныгъэлI **КIуащ БетIал**.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 28</u>
Адыгэ Нарт эпосым и махуэщ
1950 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Шортэн Аллэ**.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 29</u>
1917 гъэм ЦIагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и япэ номерыр къыдагъэкIащ.
<u>ЩэкIуэгъуэм и 30</u>
Анэм и махуэщ
1571 гъэм Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ дунейм ехыжащ.
1925 гъэм къалъхуащ Адыгэ АО-м и унафэщIу щыта (1960-1982) СССР-м и генеральнэ консулу Болгарием щыIа (1982-1989) **Бэрзэдж Нухь**.

ДЫГЪЭГЪАЗЭ (ДЕКАБРЬ)

<u>Дыгъэгъазэм и 1</u>
СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэщ
<u>Дыгъэгъазэм и 2</u>
Банкым и лэжьакIуэм и махуэщ
1960 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Гуанэ Аскэрбий**.
<u>Дыгъэгъазэм и 3</u>
Юристым и махуэщ
Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэщ
Сэлэт ямыцIыхум и махуэщ
<u>Дыгъэгъазэм и 5</u>
1936 гъэм СССР-м и Конституцэр къащтащ. КъБАО-р КъБАССР хъуащ.
1915 гъэм къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Пщыжь Пщымахуэ** (Адыгей).
1960 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Жыласэ Заурбэч**.
<u>Дыгъэгъазэм и 7</u>
Граждан авиацэм и дунейпсо махуэщ
<u>Дыгъэгъазэм и 9</u>
Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэщ
<u>Дыгъэгъазэм и 10</u>
Футболым и дунейпсо махуэщ
Нобель и махуэщ (Нобель и саугъэтхэр щат махуэщ)
1935 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъыш Нухь**.
1970 гъэм къалъхуащ къэрал, спорт лэжьакIуэ, самбомкIэ пщыкIуэрэ дунейпсо чемпион хъуа **Хьэсанэ Мурат**.
<u>Дыгъэгъазэм и 11</u>
1935 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Абей Виктор**.
<u>Дыгъэгъазэм и 12</u>
Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ
1993 гъэм КъБР-м палатитI хъу и Парламентыр хахащ.
1935 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бахъуэ БетIал**.
<u>Дыгъэгъазэм и 13</u>
1949 гъэм Налшык щекIуэкIащ Къэбэрдей АССР-м и цIыхубэ ныбжьыщIэхэм я зэхуэс.
1991 гъэм Налшык щекIуэкIащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм я зэхуэс.
<u>Дыгъэгъазэм и 14</u>
1695 гъэм пащтыхь Петр Езанэм къыхилъхьэри, адыгэпщ **Черкасский Алий (Михаил) Алигъуокъуэ и къуэр** Урысейм и генералиссимусу хахащ.
<u>Дыгъэгъазэм и 15</u>
1925 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мамбэт Хьэлым**.
<u>Дыгъэгъазэм и 16</u>
1890 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Мысырым хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министру, премьер-министру щыта **Хьэхъу (Февзи) Мыхьмуд**.
<u>Дыгъэгъазэм и 17</u>
1970 гъэм къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м, АР-м, КъШР-м, Ингушым, Осетие Ищхъэрэм я цIыхубэ артист, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Нэхущ Чэрим**.
<u>Дыгъэгъазэм и 18</u>
ЗАГС-м и лэжьакIуэхэм я махуэщ
1930 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Жамборэ Хьэсэнбий**.
1940 гъэм къалъхуащ къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-м, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Федченкэ Людмилэ**.
<u>Дыгъэгъазэм и 19</u>
1935 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Горький Максим и цIэр зезыхьэ дунейпсо литературэмкIэ институтым и профессор **Алий Аллэ**.
<u>Дыгъэгъазэм и 20</u>
Къэралым и шынагъуэншагъэм и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ
1917 гъэм ВЧК-р (Урысейпсо чрезвычайнэ комиссэр) къызэрагъэпэщащ.
1760 гъэм къалъхуащ адыгэпщ, урысей полковник, Георгий Щихъым и орденыр зрата **ХьэтIохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ**.
<u>Дыгъэгъазэм и 22</u>
Энергетикым и махуэщ
<u>Дыгъэгъазэм и 23</u>
1905 гъэм къалъхуащ Иорданием щыпсэу адыгэ дохутыр, дипломат, адыгэ тхыдэдж, тхылъ зыбжанэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа **Хьэвжокъуэ Щаукъэт**.
1935 гъэм къалъхуащ урыс тхакIуэ, тхыдэдж, «Звезда» журналым и редактор нэхъыщхьэ, ЩIДАА-м и академик **Гордин Яков**.
<u>Дыгъэгъазэм и 24</u>
1960 гъэм къалъхуащ сабий инфекционист, 2013 гъэм и дохутыр нэхъыфI **Чым Мадинэ**.
<u>Дыгъэгъазэм и 25</u>
1935 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, СССР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэу щыта **Дэгужьей Виталий**.
<u>Дыгъэгъазэм и 27</u>
КъегъэлакIуэм и махуэщ
<u>Дыгъэгъазэм и 30</u>
1972 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орденыр къыхуагъэфэщащ.
<u>Дыгъэгъазэм и 31</u>
1935 гъэм къалъхуащ композитор, КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэгъун Владимир**.

Зыгъэхьэзырар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Щоджэнц1ык1у Алий

Хъурей Леоренэ

Молэ Владимир


Къэжэр Пётр

К1уащ Бет1ал


Къуэлуфэ Хьэчим

Къэшыргъэ Билал


Къуэдзокъуэ Хьэсэн

УэрэджыIакIуэ бзылъхугъэм и зэфIэкI

● Юбилей

И уэрэд гукъинэхэмрэ и макъ гуакIуэмкIэ ди республикэми гъунэгъу щIыналъэхэми фIы дыдэу къыщацIыху ПащIэ Ленэ. Телевиденэми радиоми я гъэтIылъыгъэхэм куэду хэлъщ абы игъэзащIэу щыта уэрэдхэр, ахэр щIэхщIэхыурэ къат. «Ленэ и макъым и къабзагъэмрэ и утыку итыкIэ екIумрэ уатхьэкъу», - къыхужаIэу къекIуэкIащ. Ар нобэ, щIышылэм и 17-р, къыщалъхуа махуэщи, дохъуэхъу хъугъуэфIыгъуэм, узыншагъэм, дэрэжэгъуэм щымыщIэу псэуну, и гуащIэ къихь зыхуищIэ адыгэ лъэпкъым дяпэкIи куэд хуилэжьыфыну.

ПАЩIЭ Ленэ концерт куэд щитащ псом хуэмыдэу Кавказым и къалэхэм, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм я жылагъуэхэми. Ар фIыуэ къалъагъуу ирагъэблагъэу щытащ США-м, Тыркум, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм. Апхуэдэ зэIущIэхэм я фIыгъэкIэ хамэ къэралхэм и благъэхэр къыщигъуэтыжащ, ныбжьэгъу пэж хуэхъуахэр щиIэщ.

Ди редакцэм зэзэмызэ къыщIохьэ Ленэ, нэхъыжьыIуэхэри лэжьэн щIэзыдзагъащIэхэри и нэIуасэщи, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэрэ епсэлъэкIэрэ къахуегъуэтыф. Псори фIыуэ дыкъызэрилъагъур зыхыдощIэ, дыкъызэрилъытэм, дызэригъэгушхуэм папщIэ пщIэшхуэ худощI, ди хьэщIэ лъапIэщ.

АдыгэбзэкIи урысыбзэкIи зэхуэдэу фIыуэ матхэ Ленэ. Куэдым ядомылъагъу гурыхуагъкIи Тхьэр къыхуэупсащи, и гъащIэм къыщыхъуа-къыщыщIахэр гъэщIэгъуэныщэу, гугъэзэгъауэ итхыжын лъокI. Дунейм къытехьащ абы и гукъэкIыжхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи зэрыт тхылъ, «Си гъащIэ - си уэрэд» («Жизнь моя - песнь моя») фIищауэ. Ар Iыхьищу зэхэтщи, зым къыщыхьащ и адэм къыхуиIуэтэжа хъыбархэр, етIуанэр - и сабиигъуэм къыщыщIэдзауэ гум къина Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр къыщыIуэтэжа тхыгъэхэрщ, ещанэр, «Хэкум пэIэщIэу» зыфIищар, нэгъуэщI къэралхэм и нэгу щыщIэкIахэрщ.

Мыбдежым игъуэу къызолъытэ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Тымыжь Хьэмыщэ тхылъым хуищIа пэублэ псалъэр къыщысхьыну, сыту жыпIэмэ кIэщIу икIи IупщIу абы къыщыгъэлъэгъуащ Ленэ и гъащIэ мытыншыр, и зэфIэкIыр, тхылъыр къызыбгъэдэкIам и псэ кIулеигъэр.

«Си гъащIэ... Гъыбзэ зыхуаусым хуэдэт абы и къежьэкIар. Нэзыншэу зызыукъуэдий къум псэншэм иракIута цIыху лажьэншэхэм ар лъэхъуэщ яхуэхъун хуейт, къэрал унафэщIхэм къызэралъытэмкIэ. Ауэ гъащIэм и хабзэхэри КъэгъэщIакIуэ Иным и Iизынри нэхъ лъэщщ дэтхэнэ цIыху унафэми нэхърэ, сыт хуэдизу гущIэгъуншэу е ткIийуэ ар щытми. Политикэ залымыгъэм хэхуахэр хуэгъэкIуэдакъым унафэ мыхъумыщIэми, щIыпIэ мэхъаджэми, хьэзаб кIыхьми, зауэм и дыркъуэми. Уеблэмэ абыхэм къумым псэ къыIуагъэкIэжащ, гъащIэ жылэр къыщытIэпIын хуэдэу. А лъахэ жыжьэм и бынхэм ящыщ зыщ мы тхылъ щIэщыгъуэ цIыкIур зи IэрыкI ПащIэ Ленэ.

Си уэрэд... Ар сабиипсэм къыщагъэушащ хуит къэхъужа «спецпереселенцхэм» мафIэгу къэувыIэпIэм деж щащIа джэгум хъыджэбз цIыкIум япэу щызэхиха къафэмрэ Къэжэр Индрис и «Рэмэзан» цIыхубэ уэрэдымрэ. Макъамэр лъэпкъыпсэм и псатхуэщ, Iэпкълъэпкъым и дэтхэнэ налъэри къызэщIиIэтэу, гъащIэ яриту.

ИужькIэ, илъэс куэд дэкIыжа нэужь, Ленэ итхыжынущ «Рэмэзан», «Гухэлъ жыдгъыIэ» уэрэдхэр адыгэ дунейм тетыху зэрыщыIэнур, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр лъэпкъыпсэ пIейтеям телъ шыкIэ налъэ шэщIам и зу макъщ. Адыгэпсэм, лъэпкъ гупсысэ къэухьыншэм къигъэщIа уэрэдхэщ ПащIэ Ленэ утыку итыху къыджиIар. Ахэри кIуэдыжынукъым, адыгэр щыIэху.

Къэзахъ щIыналъэм къыщежьа Ленэ и гъащIэ уэрэдыр щыIуащ кавказ лъахэ уардэми, адыгэхэр зыщыпсэу КъуэкIыпIэ Гъунэгъуми, Азие Гупэми, Америкэ жыжьэми. А псори зэщIэжыуэ дахэу къыщыIуэтэжащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ ПащIэ Ленэ литературэм къызэрыхыхьа и япэ тхылъ цIыкIум - «Си гъащIэ - си уэрэд» зыфIищам.

Тхылъыр къыбгъэдэкIащ зи псэр бей, зи гупсысэр куу, зи лъэпкъыр фIыщэу зылъагъу цIыхум. Ди гуапэщ, мы псынэпс цIыкIур Тэрч ехьэехуэу, бэм къахуэщхьэпэну, уефэ пэтми зызыщумыгъэнщI псы нэху, псы махуэ хъуну».

Хьэмыщэ и тхыгъэ цIыкIум къызэрыхэщащи, куэд зыхузэфIэкIа бзылъхугъэ щыпкъэщ Ленэ. ГъэщIэгъуэныщэу абы и гуащIэшхуэ хилъхьащ и тхьэмадэм и адэ ПащIэ Бэчмырзэ и щIэиныр зэхуэхьэсынымрэ хъумэнымрэ. Щыпсэу пщIантIэм (Нартан къуажэм) абы къыщызэIуихащ Бэчмырзэ и музей, илъэс куэдкIэ езым и мылъкукIэ, и къарукIэ игъэлэжьащ, зыхуей хуигъэзащ. Илъэс зыбжанэ хъууэ аращ ар республикэм и щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм зэрыхагъэхьэрэ. Ауэ иджыри лъэкI къигъанэркъым утемыукIытыхьу цIыху къебгъэблэгъэн хуэдэу музейр щигъэтынымкIэ. Бэчмырзэ теухуа куэд зэхуихьэсыжащ бзылъхугъэм, архивхэм къыщигъуэтыжа дэфтэрхэр и тегъэщIапIэу Iэджэ къиугъуеижащ, ахэр къыщызэщIикъуауэ ПащIэ Бэчмырзэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуа тхылъ щхьэхуи, «Ещё раз о Бекмурзе...» фIищауэ къыдигъэкIащ.

ХужьыпIэфынур гъунэжщ Ленэ, дэтхэнэ псалъэ гуапэри и гъащIэмкIэ, и гуащIэмкIэ, и зэфIэкIымкIэ къилэжьауэ. ИщхьэкIэ щыжытIа ди хъуэхъу мащIэм и гуэдзэну музейм теухуауэ иIэ хъуэпсапIэхэр къехъулIэну дыхуолъаIуэ, и гукъэкIыжхэм ящыщ зыи ди гуапэу тыдодзэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм

Гулъытэ къыхуащI

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм Iуэху дахэ щекIуэкIащ. КъАХ-м и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Хасэм къыдигъэкIа дыщэ, дыжьын медалхэмкIэ игъэгушхуащ КъБР-м и хъыбарегъащIэ IэнатIэм пэрытхэу анэдэлъхубзэкIэ лажьэхэр. Урысейм и Печатым и махуэм иригъэхьэлIа а зэIущIэм тхьэмадэм щигъэлъэпIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖьэкIэмыхъу Маринэ, политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ къудамэм и унафэщI НэщIэпыджэ Замирэ, медицинэмрэ экологиемкIэ къудамэм и редактор, тхакIуэ Къаныкъуэ Анфисэ, сурэттех Къарей Элинэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь, «Адыгэ псалъэм» щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Истэпан Залинэ, ди газетым щылэжьа, «1 КъБР» телеканалым нэтын щызыгъэхьэзыр Жылокъуэ Люсанэ сымэ, коллекционер цIэрыIуэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес я гъусэу.

ХЬЭФIЫЦIЭМ жиIащ адыгэбзэкIэ республикэм къыщыдэкI лъэпкъ газет нэхъыщхьэм и илъэси 100-р нэгъабэ зэригъэлъэпIам, адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным, зегъэужьыным зи гуащIэ хэзылъхьэ журналистхэм Печатым и махуэм техуэу гулъытэ яхуищIыныр игъуэу къызэрилъытар, пIалъэ-пIалъэкIэ апхуэдэхэр зэригъэлъэпIэнур, абыхэм я лэжьыгъэм лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр фIыуэ къызэрыгурыIуэр. Илъэс 24-кIэ газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа Мухьэмэд иджыри кIэлъоплъ «Адыгэ псалъэм» Iуэхур зэрыщекIуэкIым.

Дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди лIыхъужьхэм 2024 гъэм нэтын 30-м нэблагъэ ятезыухуа Жылокъуэ Люсанэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ лэжьыгъэ купщIафIэхэмрэ къыхигъэщащ ХьэфIыцIэм. Езы журналист емызэшми жиIащ и IэщIагъэм пэрызышари, хищIыкIIамэ, хуезыгъэсари а зэманым редактор нэхъыщхьэу лэжьа Мухьэмэду зэрыщытыр. «Медаль къызэрытхуэбгъэфэщам дигъэгушхуащ, «дылэжьарэт» жыдигъэIэу апхуэдэщи, фIыщIэ ин пхудощI. Уи жьауэ дыщIэту, удичэнджэщэгъуфIу укъызэрыдбгъэдэтым куэдым дытрегъэгушхуэри, илъэс куэдкIэ ди япэ уитыну Тхьэм жиIэ», - къыхигъэщащ Люсанэ и псалъэм.

Апхуэдэ псалъэ гуапэкIэ ХьэфIыцIэм зыхуигъэзащ Истэпан Залини: «Мухьэмэд, илъэс тIощIым щIигъукIэ дыбдэлэжьащ мыбдеж щысхэр, ди IэщIагъэм и щэхухэр къэдбгъэщIащ, къалэмым хузэфIэкIыр зыхэдыбгъэщIащ, а псом къыдэкIуэу иджыри мыпхуэдэу дыбоIэтри, фIыгъуэр Тхьэм къыпхуищIэ. Лъэпкъым дежкIи, дызыпэрыт IэнатIэмкIи, ди зэхущытыкIэкIи уэ пхуэдэ нэхъыжьыфI ди жьантIэ зэрыдэсыр ди напщIэ телъщи, уи гъащIэр кIыхь хъуну дыпхуохъуахъуэ!»

КЪЭБАРТ Мирэ.

● УФСБ-м

ГъэпцIагъэкIэ храгъалъхьэ

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ «финанс пирамидэ» жиIэу къызэрагъэпэщам гъэпцIагъэкIэ цIыхухэм ахъшэшхуэ хегъэлъхьэным пыщIа налшыкдэсым илэжь хабзэншагъэр.

КЪЫЗЭРЫЩIАГЪЭЩАМКIЭ, Бояхчян Ю. О., бзаджащIэ гупым щыщхэм ящыгъуу, 2020 гъэм и мазаем щыщIэдзауэ 2021 гъэм и щIышылэм къриубыдэу республикэм щыпсэухэр къигъапцIэурэ сом мелуан 700-м щIигъу къаIэщIихащ.

КъБР-м и Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Бояхчян Ю.О. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 210-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 174.1-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр зэрилэжьамкIэ. Абы илъэситI тралъхьащ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Мелуан ныкъуэ IэщIагъэкIащ

Илъэс 69-рэ зи ныбжь цIыхубзым Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм зыхуигъэзащ. Щхьэусыгъуэр - къагъапцIэу бзаджащIэхэм сом 500.000 зэрыIэщIахарт.

КЪЭХЪУАРАЩ: цIыхубзым и деж къэпсэлъащ къэрал хъыбарегъащIэ системэм и «лэжьакIуэ» икIи къыжриIащ и щхьэзакъуэ кабинетыр бзаджащIэхэм зэракъутар. КIэщIу нэгъуэщI цIыхухъу къепсэлъащ къарузехьэ IэнатIэм и лэжьакIуэу жиIэу. Абы тригъэчыныхьащ бзаджащIэхэм цIыхубзым и счетым ахъшэр ирахыну зэрыхэтым, ар яIэщIэмыхьэн папщIэ Iэмал имыIэу ахъшэр счёт мышынагъуэм ирилъхьэн зэрыхуейм. ЦIыхубзым ар и фIэщ хъури, къыжраIа банк картэ номерхэм игъэкIуащ и соми 500 000-р.

Абы теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

Полицэм фигу къегъэкIыж:

Къэрал IуэхущIапIэхэм, къарузехьэ IэнатIэхэм е банкхэм я лэжьакIуэхэм цIыхухэм зэрыжрамыIэнур я ахъшэр «мышынагъуэншагъэ счётхэм» иралъхьэну. Апхуэдэ счетхэр щыIэкъым! Ар къывжезыIэм фемыдаIуэу телефоныр вгъэтIылъ. Фхъумэ ахъшэм ехьэлIа упщIэ фиIэмэ,банкым и къудамэ фпэгъунэгъум фыкIуи фыщыщIэупщIэ.

Дэтхэнэми дзыхь хуэвмыщI

2025 гъэм щIышылэм и 10-м Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм зыхуигъэзащ илъэс 25-рэ зи ныбжь бзылъхугъэм. Хъыджэбзым зэрыжиIамкIэ, месcенджерхэм языкIэ хъыбар къыIэрыхьащ и ныбжьэгъу пщащэр сом мин 25-рэ щIыхуэу иритыну къелъэIуу.

ЗИМЫIЭЖЬЭУ, къыхуагъэлъэгъуа телефоным ахъшэр ирилъхьэри, итIанэщ и ныбжьэгъум деж щыпсэлъар.

Налшык къалэ УМВД-м Полицэм и къудамэ №2-м и следственнэ IэнатIэм абы теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ.

Ныбжьэгъугъэ Iуэхутхьэбзэ яхуэфщIэн ипэкIэ, уи цIыхугъэм е абы и Iыхьлым фепсалъи зэвгъащIэ ар фи дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэрэ хуэмыныкъуэрэ.

Шофёр тхылъ иIэтэкъым

Урысей МВД-м и Бахъсэн къудамэм и ОГИБДД-м и ДПС-м и взвод щхьэхуэм и лэжьакIуэхэм Бахъсэн къалэм гъуэгум зэрыщызекIуэхэм кIэлъыплъу къагъэувыIащ «ВАЗ-21070» автомашинэр. Дэфтэрхэр къыщапщытэм, къэрал автоинспекторхэм яубзыхуащ илъэс 35-рэ зи ныбжь, Сэрмакъ къуажэм щыпсэу щIалэр нэхъапэми административнэ жэуапым зэрырашэлIар, хуит зыщI тхылъ имыIэу рулым зэрыдэсым къыхэкIыу.

УРЫСЕЙ МВД-м и Бахъсэн къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 264.3-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ.

Автомашинэр къытрахащ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, ар зы илъэскIэ ягъэтIысынкIи мэхъу.

БАХЪСЭН Азэмэт.

ЩIымахуэми топджэгум удехьэх

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатыр и гуащIэгъуэ дыдэу йокIуэкI. Абы хэт командэ пщыкIуплIым я нэхъыбэм дэтхэнэми джэгугъуи 8 иригъэкIуэкIащ.

ЗИ IУЭХУР нэхъыфI дыдэр иужь зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболым бжьыпэр щызыIыгъ Ислъэмей и «Родник»-ращ. Ар хэпщIыкIыу и хьэрхуэрэгъу псоми зэкIэ йофIэкI икIи мы зэхьэзэхуэм зы очкои щыфIэкIуэдакъым.

Ислъэмейдэсхэм кIэщIу яужь къитщ Алътуд и «Искра»-р. Мы гъэм и пэщIэдзэм Налшык и «Горис»-м къызэрыхигъэщIар щымыIатэмэ, ари япэ увыпIэм нэхъ ерыщу щIэбэныфынут. Дызыхуэхуэкlуэ щэбэтым «Родник»-мрэ «Искра»-м зэIущIэнущ икIи абы кърикIуэм зыкъомкIэ наIуэ ищIынущ дыщэ медалыр зыIэрыхьэнур.

Нэхъ узыгъэпIейтейхэм ящыщщ «Инал»-м мы гъэм и джэгукIэр. КъэрэгъэшдэсхэмирагъэкIуэкIа джэгугъуи 8-ри я хьэрхуэрэгъухэм ирагъэхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и 2024 - 2025 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатым щекIуэкIа иужь зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: *еблэнэ джэгугъуэм* - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **0**:**4**, «**Зэрэгъыж**» (Зэрэгъыж) - «**Сады Баксана**» (Ислъэмей) - **1**:**2**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Малка**» (Малкэ) - **0**:**2**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **2**:**1**, «**Инал**» (Къэрэгъэш) - «**ГорИс**» (Налшык) - **3**:**5**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - **1**:**2**; *еянэ джэгугъуэм* - **«ГорИС» - «Спартак-Д» - 3:2**, **«Псыгуэнсу» - «Искра» (Алътуд) - 0:3**, **«Родник» - «Зэрэгъыж» - 2:0**, **«Шагъдий» - «Сады Баксана» - 2:1**, **«Логоваз» - «Урыху» - 3:0**, **«Мурбек ФШ» (Налшык) - «Ислъэмей» - 3:2**, **«Малка» - «Инал» - 3:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: щIышылэм и 18-м - «Малка» - «Логоваз», «Родник» - «Искра», «Мурбек ФШ» - «Спартак-Д», «Псыгуэнсу»- «Инал»; *щIышылэм и 19-м* - «Сады Баксана» - «Ислъэмей», «Шагъдий» - «Зэрэгъыж», «ГорИс» - «Урыху» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	**7**	**7**	**0**	**0**	**30-4**	**21**
2. «Искра»	**7**	**6**	**0**	**1**	**21-3**	**18**
3. «Сады Баксана»	**7**	**5**	**0**	**2**	**13-10**	**15**
4. «Малка»	8	4	2	2	17-10	14
5. «Шагъдий»	8	4	2	2	11-10	14
6. «ГорИс»	8	4	2	2	19-18	14
7. «Логоваз»	8	4	1	3	14-17	13
8. «Мурбек ФШ»	7	3	3	1	14-11	12
9. «Ислъэмей»	8	3	1	4	14-16	10
10. «Спартак-Д»	8	2	2	4	13-19	8
11. «Зэрэгъыж»	8	2	1	5	11-18	7
12. «Псыгуэнсу»	8	1	1	6	8-17	4
13. «Урыху»	8	1	1	6	7-18	4
14. «Инал»	**8**	**0**	**0**	**8**	**10-31**	**0**

● Хъыбарегъащlэ

ХьэрычэтыщIэхэм яхуэзэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николайрэ КъБР-м ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ АфэщIыж Юрийрэ хьэрычэтыщIэхэм яхуэзэнущ 2025 гъэм щIышылэм и 23-м сыхьэт 15-м.

АР щекIуэкIынущ республикэм и прокуратурэм и хэщIапIэм: **КъБР, Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, 16**.

КъулыкъущIэхэм яIущIэну зи мурадхэм нэхъ пасэу зрагъэтхын хуейщ мы телефонхэмкIэ: **8 (866 2) 40-48-60, 8 (866 2) 40-03-70, 8 (866 2) 40-20-48, 8 (866 2) 42-29-05**.

ГъащIэм и зэхэлъыкIэ

Пщэдей ди адэ шыпхъу гумащIэ Лалыху дей мамэрэ сэрэ дыкIуэнущи, согуфIэ. Дыгъуэпшыхь папэ фIигъэжа адакъэр матэм ирегъэзагъэ ди анэм, фошыгъу зэрылъа къэпым щыщ тхылъымпIэ лантIэр абы и щIыIум трелъхьэри, тхъурыжь дахэхэр дысакъыурэ абы сатыритIу тыдогъэзагъэ. Иджы къэнар чэсыргей бостеяпхъэращ. ИужькIэ ди анэм чэсейкIэ матэр щхьэщедыкIыжри, гъуэгу дытеувэну дыхьэзырщ.

ГЪАТХЭЩ, дунейм и дахэгъуэщ. ГъуэгубгъуитIымкIэ Iут мэзым и дахагъэр пхуэIуэтэнукъым, ар плъагъун, и мэр жьэдэпшэн хуейщ. Сыту дахащэ ди хэкур! Си ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэр си гъусэу мащIэрэ щIэтщыкIыркъым мы мэзыр. Гъатхэ къэс зэрыжылэу дыдэкIыурэ жыг хэтсэ щхьэкIэ, мэзыр йокIэщIыкI, дошынэ Фанер заводым щалэжьыжын ямыгъуэту зэхуащIыжынкIэ, къуажэри хэкIуэдэжынкIэ. НэгъуэщI лэжьыгъэ мы къуажэ цIыкIум дэлъкъым. Аращи, сабийхэр псыхъуэм дыдэтщ, бел зэрыз тIыгъыу, фIамыщI е дыщэ къыщIэхыпIэ къыдолъыхъуэри. Дыщэпс тегъэлъэда хуэдэу мывэ къэдгъуэтым догъэтIылъ. Ди фIэщ мэхъу зэгуэр дэ ди хьэтыркIэ ди къуажэм иджыри завод къыщыунэхуну...

Мысостей дыкъэсри машинэм дыкъикIащ, гъуэгур зэпыдупщIри Бейкъул Къубат и лъапсэмкIэ дыунэтIауэ дыдокIуей. ПщIантIэм дыщыдыхьам Къубат и щхьэгъусэ си адэ шыпхъу Лалыху къытпежьащ кIэ къуагъым зыкъуэзыгъапщкIуэ Ларисэ цIыкIу щIыгъуу. Абы зы гуфIэгъуэ и нэгум къищти пхуэIуэтэнтэкъым «Уи, делэ цIыкIу, зумыгъэпщкIу, мы къэкIуахэр уи шыпхъу Ленэ цIыкIурэ, си дэлъху дыщэ Хьэлид и щхьэгъусэ дахэ Жангуащэрэщ», - жриIэурэ IэплIэшэкIкIэ унэм дыщIишащ. Сыту гуфIэгъуэшхуэ апхуэдэ зэхущытыкIэ дахэ уи зэхуакум дэлъыну! Мылъкуу дунейм тетым нэхърэ нэхъ лъапIэщ ар.

Арати, Лалыху и мылъхубын цIыкIухэри Къубатрэ езымрэ зэдагъуэта цIыкIуитIри си гъусэу я хадэшхуэм дихьащ. Жьы дыдэ хъуа жыгышхуэхэр къэгъэгъати я дахагъэм узыIэпишэт. Егугъуу бжьыхьэм хиса бжьынри бжьыныхури сатыр дахэу къытеуват. АдэкIэ щIышхуэ къыпылът белкIэ итIауэ, трилъэщIэжауэ, и чэзур къэсмэ, кIэртIоф жылэри нартыхури зэрыхисэнум хуэдэу. «Дауэ пэлъэща мыпхуэдизым си адэ шыпхъу тхьэмыщкIэр, сабийхэр иджыри цIыкIущ, и щхьэгъусэраци, тIэжыфынукъым, езым нэхърэ илъэс тIощIкIэ нэхъыжьынщ, и лъэтхьэмпэ ижьым дыркъуэшхуэ телъщи щIакъуэщ, баш иIыгъщ. ИтIани, и унагъуэшхуэр ипIын щхьэкIэ амбарым хъумакIуэу щолажьэ», - сегупсысащ сэ.

Ауэрэ пщыхьэщхьэ шхынри хьэзыр хъуати, сабийхэр Iэнэ хъурей цIыкIуитIым дыкърагъэтIысэкIри, жэрумэрэ пIастэрэ къытхутрагъэувэ. ТIэкIу дедзакъэщ, псыIэрышэ цIыкIум ди Iи, ди напи, ди лъакъуэхэри хэттхьэщIэри дагъэгъуэлъыжащ. Си анэмрэ сэрэ зы пэш щхьэхуэ цIыкIу тхухахат. Сэ тахътэбан гуэрым сытрагъэгъуалъхьэри, джэдыгушхуэ къыстрапIэжащ. Лалыхурэ мамэрэ зыкъомрэ зэпсалъэу щысыжахэщ. Сэ зызудыгъуарэ джэдыгу къыстрапIам семызэгъыу, узэмысар Iуэхушхуэкъэ, хьэпIацIэ цIыкIу гуэрхэр хэс хуэдэу къысщыхъуу зызгъэджэрэзурэ, сытми зы зэман зэ сыурихащ.

Пщэдджыжьым жьыуэ дыкъэтэджщ, къалмыкъ шей дефэри, дежьэжыну зыкъэтIэтыжащ. Лалыху игуми дыпымыкIыу, зыгуэркIэ къытхуэупсэнуи хуейуэ пIейтейт. ИтIанэ, зыгуэр къызэригупсысар IупщIу, и нэгум къищу гуфIэу: «А Гуащэ, хьэжыгъэ пут здэпхь хъункъэ, фэ фыкъэщэхурышхэщ, зи мыхъуми бынунэм щIакхъуэ, лэкъум яхуэбгъэжьэнщ», - жиIэри гуэнымкIэ иунэтIащ. «Лалыху, куэдщ, умыгузавэ, а хьэлъэр схуэхьынкъым сэ?» - жиIэурэ, си анэр яужь иуващ и пщыпхъум. Сэри си закъуэ сыхуейтэкъым сыкъэнэнуи, абыхэм сакIэлъыкIуащ. Сабийхэр псори жейрт, и щхьэгъусэ Къубат дыгъуэпшыхь хъумакIуэ зэрыдэкIат.

Сыпсэуху сщыгъупщэнкъым гуэныщхьэр щытрихам Лалыху тхьэмыщкIэ къигуIамрэ, нэпсу щIигъэкIамрэ. Сэ къэхъуар къызгурыIуэртэкъыми, Iэнкун сыкъэхъуауэ сыщытщ. «Алыхьым укъигъэщIам уи гур хуумыгъэщI мыбы щхьэкIэ, си гур умыгъэуз, дызэрылъэгъуащи ари сыт и уасэ? Умыгъ, Лалыху», - жиIэурэ и нэпсхэр хуилъэщIырт. Мы гуэным къыщилъэгъуар сыту пIэрэ си адэ шыпхъум?» - жысIэри, сэри лъапэпцIий зысщIри сиплъащ гуэным. Зыгуэр хэIэбэмэ кърищIэжыну Къубат и IэпIэр телът хьэжыгъэм...

Ди къуажэм кIуэ автобусым дыкъыкIэрыхуауэ къыщIэкIащ. Зы мэршынэ гуэр Хьэтуей нартыху ишэу къэувыIэри, дитIысхьащ Лэскэн щыдэбгъэзэйм дынидзысыну делъэIури. Мыбдежми Iэджэрэ дытетащ гъатхэ дыгъэм дилыпщIу, дымэжалIэу. Сытми, зы зэман зэ зы мэршынэшхуэ Фанер заводым пхъэбгъу къришыну кIуэуэ къэувыIэри, дыгуфIэу гъуэгу дытеувэжащ. Си гур къызэрыгъуэтыжа нэужь, Лалыху гъыуэ си нэгу къыщIэувэжри, Алыхьым зыхуэзгъазэри щэху цIыкIуу селъэIуащ: «Алыхьышхуэ, сыдэкIуэн хуей хъумэ, Къубат хуэдэу лIы быдэжь къызумыт», - жысIэри.

Зэман Iэджи дэкIащ абы лъандэрэ. Архивым ПащIэ Бэчмырзэ теухуауэ зыгуэрхэр щыIэмэ къыщIэсIукIыу сыщIэсу, зы тхыгъэ къысIэрыхьащ. Абы итрат: «ПащIэ Бэчмырзэ хьэщIапIэ къэкIуэрейт и благъэ Бейкъул Къубат деж». Тхылъыр зэзгъэтIылъэкIри, сыдыхьэшхыу пэшым сыкъыщIэкIащ. Пэшым щIэсхэр зэплъыжат, къысщыщIар къагурымыIуэу.

Бэчмырзэ и къуэш тIолъхуэныкъуэ Хьэжмырзэ къытепщIыкIахэр къэзгъуэтыжа нэужь, абы и пхъурылъху Гания къызжиIащ: «Си адэшхуэ Хьэжмырзэ и къуэ закъуэ Чэлимэт къишар Бейкъул Къубат и шыпхъум ипхъут. Ар Хьэмыкъуэхэ япхъут».

ГъэщIэгъуэнщ мы гъащIэр. Сэ сысабийуэ Къубат хуэдэу лIы быдэжь къызимытыну Алыхьым селъэIуауэ щытати, Къубат благъагъэкIэ пыщIа ПащIэ Бэчмырзэ и къуэрылъхум си насыпыр хилъхьащ.

Хъыбарыр къыщезгъэжьам жысIаи Фанер заводым дыщытесам, цIыкIуи ини мэзым дызэрыхуэсакъыу щытар. Си ныбжьэгъу цIыкIухэм я гъусэу дыщэ, фIамыщI къэтлъыхъуэу зэрыщытар. Ди гум къыджиIэ хъунт мэзыр икIэщIыкIым къуажэ цIыкIур зэрыхэкIуэдэжынур...

Си шыпхъу нэхъыщIэ Людэ, абы школым къыщыдеджа Атэлыкъ Людэ, си щIалэ нэхъыжьым ипхъу цIыкIу Лалинэ сымэ си малъхъэм нэгъабэ зыдигъэплъыхьыну дишат Фанер заводкIэ зэджэу щыта, иужькIэ Лэскэн Ипщэ зыфIаща къуажэм. Жьы къабзэм ди щхьэр игъэуназэу, псы къежэх цIыкIум дефэ пэтми зыдмыгъэнщIу дгъэкIуащ махуэр.

Ди псэр щIэгузавэу щытар къэхъуащ. Заводыр щыIэжкъым. Фанер унэхэри хэщэхэжащ, ауэ щIышхуэхэр къэхухьауэ щытщ. ЗэрыжаIэмкIэ, зыхузэфIэкIхэм ящэхужащ...

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.359
Заказыр №75
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.